

Dinas Pendidikan
Provinsi Jawa Timur

**Buku Siswa**

# Tantri Basa

## Adhedhasar Pergub Jatim No. 19 Taun 2014
## Muatan Lokal Bahasa Daerah
## Provinsi Jawa Timur
## Lan KTSP 2013


Tim Panyusun
Rahmat Santosa, S.Pd.MM
Dra. Umi Nayirotin
Drs. Sunardi
Wahyu Widi Wibowo, S.Pd

Tim Penyelia
Dra. Sri Sulistiani, M.Pd
Drs. Bambang Purnomo, M.S.
Drs. Sukarman, M.Si


## Kelas 3

Tantri Basa


**Tim Penyusun**:
Rahmat Santosa, S.Pd, MM
Dra. Umi Nayirotin
Drs. Sunardi
Wahyu Widi Wibowo, S.Pd.

Editor/Penyelia : Dra. Sri Sulistiani, M.Pd.
Drs. Bambang Purnomo, M.S.
Drs. Sukarman M.Si.

Desain/Lay Out : Latif Nur Hasan, S.Pd, M.Pd
Desain/Lay Out cover: Rahmat Santosa, S.Pd. MM
Penerbit : Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Timur
Isi : x, 143 hal

**ISBN 978-602-404-016-1 (no.jil.lengkap)**
**ISBN 978-602-404-019-2 (jil. 3)**

## KATA PENGANTAR

## KEPALA DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA TIMUR

Alhamdulillah buku “**Tantri Basa**” sudah selesai disusun dan diterbitkan. Buku ini disusun dengan berpedoman pada Peraturan Gubernur No. 19 Tahun 2014 tentang Mata Pelajaran Bahasa Daerah sebagai Muatan Lokal Wajib di Sekolah/Madrasah. Pergub tersebut memberikan pegangan hukum yang kuat bagi guru-guru untuk melaksanakan dengan sungguh-sungguh pembelajaran Bahasa Daerah. Sebagai tindak lanjut, buku ini disusun untuk menyelesaikan masalah ketiadaan buku ajar seiring dengan terbitnya Pergub dan diharapkan dapat diterima dan digunakan dalam pembelajaran di sekolah/madarasah di wilayah Jawa Timur.

Terima kasih disampaikan kepada tim penyusun yang telah dengan kesungguhan menyelesaikan buku ini. Kerja sama Tim Eksternal sebagai penyusun bersama-sama dengan Tim Internal Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Timur telah mampu menghasilkan karya yang bermanfaat bagi pembentukkan budi pekerti dan karakter generasi muda lewat jalur pendidikan formal di sekolah/madarasah.

Kesempurnaan buku ini adalah tujuan dari penyusun dan pengguna buku ini. Akan tetapi, buku ini masih memiliki kekurangan. Karena itu, kritik, saran, dan masukan dari berbagai pihak yang peduli terhadap pelestarian, pengembangan, dan pemertahanan Bahasa Daerah sebagai salah satu budaya bangsa ini sangat diharapkan. Insya Allah pada kesempatan lain buku ini akan disempurnakan dengan mengakomodasi masukan dari berbagai pihak.

Surabaya, Agustus 2016
Kepala Dinas Pendidikan
Provinsi Jawa Timur,




Dr. Saiful Rachman, MM.,MPd
Pembina Utama Madya
NIP. 19590503 198503 1 018

## Atur Sapala

Isinipun buku ***"Tantri Basa"*** punika sampun katitipriksa dening para ahli Basa Jawi saking *Universitas Negeri Surabaya (Unesa).* Dene panyerating buku sampun dipunadani dening para sutresna sarta alumnus Universitas Negeri Surabaya (Unesa). Isi umumipun sampun katiti priksa dening **Drs. Sukarman, M. Si.** (*Ketua Tim Penyusun Kurikulum Bahasa Daerah Kantor Dinas Pendidikan dan Kebudayaan Provinsi Jawa Timur lan Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Program Studi Pendidikan Bahasa dan Sastra Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni (FBS), Universitas Negeri Surabaya* ). Wondene babagan Kebahasaan (Linguistik), Sastra, lan Metodologi Pembelajaran sampun dipuntitipriksa dening **Dra. Sri Sulistiani, M. Pd.** (*Ketua Jurusan, Dosen Bahasa, Sastra, dan Metodologi Pengajaran* saking *Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Program Studi Pendidikan Bahasa dan Sastra Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni FBS, Universitas Negeri Surabaya - Unesa*).

Kanthi asil paniti priksa kasebat dipunajab sageda buku ***"Tantri Basa"*** punika murakabi kangge srana sinau Basa Jawi tumrapipun para siswa. Kejawi punika, ingajaban ugi sageda mbiyantu para kadang dwija anggenipun memucal saha nggulawenthah siswa-siswinipun ing jagading piwucalan Basa Jawi.

Laras kaliyan owah-gingsiripun kurikulum pendhidhikan, buku punika sampun kacundhukakaken kaliyan ***Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan Mulok Bahasa Daerah 2013***. Asil paniti priksa nedhahaken bilih isinipun buku punika sampun laras kaliyan kurikulum enggal ingkang dipunginakaken ing sekolah-sekolah wekdal samangke. Isinipun buku punika kabiji sampun dipun serat kanthi lelandhesan Standar Kompetensi Lulusan (SKL), Kompetensi Inti (KI) lan Kompetensi Dasar (KD), sarta ngginakaken paugeran ingkang sampun dipunrantam dening *Badan Standar Nasional Pendidikan (BSNP)*.

Mugi-mugi wontenipun buku punika saged mbiyantu para siswa, kadang dwija, lan sutresna Basa Jawi, anggenipun marsudi basa, sastra, lan kabudayan Jawi. Tundhanipun sageda basa, sastra, lan kabudayan Jawi ngrembaka lan lestari.

Surabaya, Agustus 2016
Paniti Priksa
**Drs. Sukarman, M. Si./**
**Dra. Sri Sulistiani, M.Pd.**

(Ketua dan Wakil Ketua Tim Penyusun
Kurikulum Mulok Bahasa Daerah
Kanwil Dinas Pendidikan dan Kebudayaan
Provinsi Jawa Timur 2014

## Atur Pangiring

Puji syukur konjuk wonten ngarsanipun Gusti Ingkang Maha Kuwaos awit kanthi berkahipun panyerat sampun saged nyekapaken panganggiting buku Basa Jawi ***"Tantri Basa"*** kangge para siswa Sekolah Dasar ( SD) / Madrasah Tsanawiyah (MI). Perlu kawuninganan, wiwit taun pelajaran 2014/2015, piwucalan Basa Jawi SD/MI sampun ngginakaken kurikulum enggal inggih punika *KTSP Mulok Bahasa Daerah 2013*. Alelandhesan Peraturan Gubernur No. 19 Tahun 2014 ***"Mata Pelajaran Bahasa Daerah Sebagai Muatan Lokal Wajib di Sekolah/ Madrasah"*** kanthi alokasi wekdal 2 (kalih) jam pelajaran saben minggunipun. Kangge njangkepi sarana piwucalan Basa Jawi wonten SD/MI wau, panyerat nganggit buku ajar Basa Jawi ***"Tantri Basa"*** punika.

Buku **"T*antri Basa*"** kasiyapaken kangge nyengkuyung kawicaksanan KTSP 2013. Bab punika laras kaliyan Peraturan Menteri Pendidikan No. 64 Tahun 2013, ingkang ngrembag bab *Standar Kompetensi Lulusan (SKL),* ingkang paring amanat bilih Buku Teks Pelajaran kedah ngginakaken acuan *Standar Kompetensi Lulusan (SKL)* lan *Kompetensi Inti (KI)* lan sarta alelandhesan paugeran ingkang sampun dipunsusun dening *Badan Standar Nasional Pendidikan (BSNP)*. Wondene *Permendikbud No. 71, Tahun 2013, ingkang ngrembag Buku Teks Pelajaran* lan *Buku Panduan Guru Untuk Pendidikan Dasar Dan Menengah,* ugi paring amanat bilih Buku Teks Pelajaran ingkang dipun-ginakaken ing pawiyatan-pawiyatan kedah sampun kasusun adhedhasar KTSP Mulok Bahasa Daerah Tahun 2013.

Ewah-ewahan tumrap buku teks kedah karancang lan kasusun kanthi lelandhesan (*berbasis*) teks. Wonten ngriki, teks kawawas minangka perangan basa ingkang nggadhahi makna kontekstual. Lumantar buku punika, siswa kaajab saged ngasilaken lan ngginakaken teks laras kaliyan *tujuan* lan *fungsi* sosialipun. Salebetipun piwucalan basa Jawi ingkang alelandhesan teks, pasinaon boten namung sesambetan kaliyan piwucaling teori lan konsep, ananging teks ugi migunani minangka sumber *aktualisasi dhiri* tumrap soksintena ingkang migunakaken bab wau, ing salebeting *konteks sosial budaya akademis*.

Wontenipun buku ***"Tantri Basa"*** punika, dipunajab sageda mbiyantu para siswa SD/MI anggenipun ngleluri dalah marsudi Basa Jawi. Kejawi punika, sageda adamel gampil lan lancaripun para kadang dwija anggenipun memucal dalah nggulawenthah para siswa-siswinipun salebeting piwucalan Basa Jawi.

Perlu kawuninganan, kajawi alelandhesan teks, pangrakiting buku punika ugi ngginakaken *Pendekatan Saintific*. Piwucalan alelandhesan teks, mawi pandom ngrembakakaken babagan (1) Piwucalan basa kawawas saking teks, boten namung kasusun kanthi munjeraken paramasastra utawi *ketatabahasaan* kemawon. (2) Piwucalan lelandhesan teks minangka proses pamilihing basa ingkang ngandharaken makna. (3) Piwucalan basa lelandhesan teks asipat

*fungsional* ingkang ateges boten saged uwal saking *konteks* ingkang mbabaraken maneka warnining *ide, karakter, nilai*, sarta ugi *idiologi* panuturipun, (4) Piwucalan basa lelandhesan teks ugi minangka sarana kangge mangun kawasisan olah pikir tumrap para siswa.

Jinising teks ingkang kaandharaken wonten ing buku punika arupi teks dheskripsi, palapuran, narasi/carita, eksposisi, eksplanasi, lan sapiturutipun. Wondene *pendekatan Saintific* ingkang kababar ing buku punika mawi *proses* ingkang sesambetan kaliyan tumindak: *Mengamati (Observing), Menanya (Questioning), Mencoba (Experimenting), Menalar (Associating), Mengkomunikasikan (Comunicating),* lan *Membentuk Jejaring (Networking).* Wondene aspek panggulawenthahing patrap ingkang dados punjering piwucalan, inggih punika kanthi nengenaken aspek *Sikap Religius, Sikap Sosial, Kognitif, lan Psikomotorik*.

Pambabaripun buku ***"Tantri Basa"*** kajawi ngandharaken *materi*, ugi sinartan *gladhen (latiyan)* kalarasaken kaliyan *Kompetensi Dasar* lan *Indikator* ingkang sampun sinerat wonten salabeting silabus. Awit saking punika, dipunajab supados saged nyekapi kangge pangukuring *kompetensi* minimal, ingkang kedah dipunkuwaosi dening para siswa. Pambabaripun buku ingkang alelandhesan teks punika, kalampahan kanthi cak-cakan: *(1) Tahap Pembangunan Konteks, (2) Tahap Pemodelan Teks, (3) Tahap Pembuatan Teks Bersama-sama,* lan *(4) Tahap Pembuatan Teks Secara Mandiri*. Kejawi materi lan gladhen, buku punika ugi dipunjangkepi "bausastra" lan "pepeling" ingkang ngandharaken teges sarta pangenget-enget dateng konsep-konsep inti, ing saben wulangan utawi bab. Kanthi mekaten perangan punika dipunajab sageda njangkepi pangrembagipun materi piwucalan, kejawi ugi kangge nambah wawasanipun para siswa.

Panyerat sampun mbudidaya murih buku punika saged sampurna, ewa semanten minangka manungsa limrah sarta awit saking winates saha cupeting kawruhipun panyerat, seseratan salebeting buku punika taksih kathah kekiranganipun. Pramila panyaruwe saking pamaos tansah kaantu-antu amrih kangge damel saenipun buku punika. Wusananing atur, mugi-mugi Gusti Ingkang Murbeng Dumadi tansah njangkung lan nyengkuyung pangetrapanipun buku punika tumrap majeng lan lestarinipun piwucalan Basa Jawi. Nuwun.

Surabaya, Agustus 2016

Panyerat

# Dhaftar isi

# WULANGAN 1
# WELAS ASIH MARANG KEWAN LAN TETUWUHAN

## Kompetensi Dasar:

| | |
|---|---|
| 3.1 | Mengenal, memahami, dan mengidentifikasi teks cerita secara lisan dan tulis. |
| 4.1 | Membaca lancar bentuk teks cerita sederhana dengan memperhatikan pelafalan dan intonasi. |

## Indikator:

| | |
|---|---|
| 3.1.1<br>3.1.2<br>3.1.3 | Mengidentifikasi unsur-unsur teks cerita<br>Mengidentifikasi pokok-pokok teks cerita.<br>Menjelaskan isi teks cerita. |
| 4.1.1<br>4.1.2 | Membaca lancar teks cerita<br>Mengartikulasikan bunyi bahasa daerah yang dianggap sulit dalam teks cerita |

## Mbabar wawasan

*Kanthi nyemak gambar, Bapak utawa Ibu guru kudu bisa menehi panuntun marang siswa supaya mangerteni jinise kewan, tetuwuhan, sing ana ing alam ndonya lan nuwuhake kasaguhan kanggo ngopeni kewan-kewan ing sakiwa tengene kanthi becik.*



Semaken tembang ing ngisor iki!

**Kucingku Telu**

Kucingku telu
Kabeh lemu-lemu
Sing siji abang
Sing loro klawu
Meang meong
Takpakani lonthong
Atiku seneng
Kancaku ndomblong



## Dhondhong Apa Salak

Dhondhong apa salak
Dhuku cilik-cilik
Gendhong apa mbecak
Mlaku thimik-thimik

Adhik ndherek ibu
Tindak menyang pasar
Ora pareng rewel
Ora pareng nakal

Mengko ibu rawuh
Ngasta oleh-oleh
Kacang karo roti
Adhik diparingi

**Coba semaken gambar ing ngisor iki!**



www.digaleri.com



www.suarasurabaya.net



www.galerisapi.com



kucingterbaru.blogspot.com

Sawise koksemak gambar ing dhuwur coba wangsulana pitakon ing ngisor iki!

1. Gambar ing ndhuwur arane kewan apa?
2. Endi sing kalebu kewan galak?
3. Endi sing kalebu kewan ora galak?
4. Aranana jinis kewan sing ana sakiwa tengene omahmu!
5. Kepriye carane asih marang kewan sing ana sakiwa tengenmu? Coba terangna!

**Semaken gambar ing ngisor iki, banjur garapen prentahe!**







https://www.google.co.id/search?q=GAMBAR+PELESTARIAN+ALAM&biw

1. Gambar no 1 ing dhuwur critakna! Apa sing lagi ditindakake bocah-bocah? Tulisen panemumu ana papan ngisor iki!

..............................................................................................................
..............................................................................................................
..............................................................................................................
..............................................................................................................
..............................................................................................................
..............................................................................................................
..............................................................................................................

2. Gambar no 2 iku foto terasering. Apa tujuwane? Tulisen panemumu ing papan ngisor iki. Yen durung ngerti, nyuwuna pirsa ibu utawa bapak gurumu!

..............................................................................................................
..............................................................................................................
..............................................................................................................
..............................................................................................................
..............................................................................................................
..............................................................................................................
..............................................................................................................

# Pasinaon 1

## Modhel Teks Pinilih

### Ngingu Kucing Anggora

Rini saiki wis kelas telu. Saliyane sregep sekolah, dheweke uga sregep ngrewangi wong tuwane. Nalika prei, Rini tansah ngrewangi ibune nyapu lan korah-korah. Kabeh pegawean mau dilakoni kanthi ati seneng tanpa ngresula. Mula, ora mokal menawa bapak lan ibune asih banget marang dheweke.



Rini seneng banget marang sakabehe jinis kewan ingon-ingon. Ing omahe dheweke duwe ingon-ingon kucing anggora. Rini asih banget marang kucing ingon-ingone mau. Saben dina kucinge dipakani lan

seminggu pisan uga didusi. Krangkenge uga mesthi diresiki dhewe. Mula, kucing anggorane katon sehat lan nggemesake banget.

**Kawruh sapala**:

- ngresula = sambat
- asih = seneng banget
- nggemesake = lucu
- ingon-ingon = klangenan, kasenengan
- mokal = khayal, ora mungkin
- ngrewangi = biyantu

**Kanggo luwih mangerteni isine wacan, wangsulana pitakon ing ngisor iki!**

1. Rini saiki kelas pira ?

   ..........................................................................................

2. Apa sing ditindakake Rini sawise mulih sekolah?

   ..........................................................................................

3. Rini duwe ingon-ingon sato kewan apa?

   ..........................................................................................

4. Apa sing ditindakake Rini tumrap ingon-ingone mau?

   ..........................................................................................

5. Apa sing bisa kotiru saka Rini ing wacan dhuwur?

   ..........................................................................................

## Gladhen 1 : Mangerteni Perangane Crita

Sakwise nyinau utawa maca wacan, saiki ayo nyinaoni perangan–perangan sajrone crita / wacan. Perangan crita utawa wacan bisa kaperang kaya ing ngisor iki:

1. Tema : punjere utawa underane crita
2. Paraga : wong sing maragakake crita
3. Latar panggonan : panggonan kedadeane crita
4. Latar wektu : kapan kedadeane crita
5. Amanat : pesen utawa tuladha becik sing bisa dijupuk saka isine crita.


**Tuladha:**

**Wacanen maneh teks "Ngingu Kucing Anggora" banjur delengen katrangan ing ngisor iki!**

| Perangane Wacan | Katrangan |
|---|---|
| Tema | Welas asih |
| Paraga | Rini |
| Latar panggonan | Omahe Rini |
| Latar wektu | Saben dina |
| Amanat | (1) Kita kudu sregep ngrewangi wong tuwa.<br>(2) Welas asih marang wong tuwa lan kewan |

**Wacanen crita ing ngisor iki!**

Asal Usul Kutha Surabaya



Dhek jaman semana, Baya sing panggone ana kali bengawan lagi golek pangan. Olehe golek pangan ora sengaja nganti tekan pesisir. Ing papan iku, Baya ketemu karo Iwak Sura sing uga lagi golek pangan.

Rumangsa keganggu, Iwak Sura banjur ngelingake baya." He...baya...karepmu iki apa? Kowe rak wis duwe papan dhewe. Kena apa kowe golek pangan nganti tekan kene? Apa kowe ora ngerti...yen papan iki isih klebu panguwasaku?"

Baya ora kalah banter olehe mbengok," Sura...kowe ngertia. Papanmu ana tengah segara. Dadi kowe ora duwe kuwasa menging aku golek pangan ana kene."

Saya suwe olehe bengkerengan saya rame, amarga rumangsa padha benere. Kewan loro mau banjur gelut, perang tanding nganti pirang-pirang dina.

Wong-wong sacedhake pesisir sing padha meruhi perang tandhinge Iwak Sura karo Baya mau banjur padha bengok-bengok. "Ana Sura karo Baya.....ana Sura karo Baya....ana Sura karo Baya...."

Mula suwene- suwe papan panggonan mau banjur karan Surabaya.

**Sawise kowaca, coba garapen perangane crita kaya tuladha ing ndhuwur!**

| Perangane Wacan | Katrangan |
| --- | --- |
| Tema | ........................................................ |
| Paraga | ........................................................ |
| Latar panggonan | ........................................................ |
| Latar wektu | ........................................................ |
| Amanat | ........................................................<br>........................................................<br>........................................................ |

Garapan Omah:

Goleko crita liyane bebarengan karo Ibu/Bapakmu, banjur tulisen perangan critane kaya garapan ing ndhuwur mau.

## Gladhen 2 : Ayo gawe ukara pitakon

Gawea ukara pitakon sing mathuk karo isine crita "Asal Usul Kutha Surabaya" ing ngarep. Tulisen ukara pitakonmu ana papan ngisor iki!

1. Ukara pitakon:

.........................................................................................

Wangsulan:

.........................................................................................

2. Ukara pitakon:

.........................................................................................

Wangsulan:

.........................................................................................

## Gladhen 3 : Ngidhentifikasi Pokok-Pokoke Crita

Ayo sepisan maneh wacanen crita "Asal Usul Kutha Surabaya" ing ngarep, banjur golekana pokok-pokok critane!

Paragraf 1:

...........................................................................................

...........................................................................................

Paragraf 2:

...........................................................................................

...........................................................................................

Paragraf 3:

...........................................................................................

...........................................................................................

Paragraf 4:

...........................................................................................

...........................................................................................

Paragraf 5:

...........................................................................................

...........................................................................................

Paragraf 6:

...........................................................................................

...........................................................................................

# Pasinaon 2:
# Makarya Bebarengan

Pasinaon loro iki bakal ngulinakake supaya bocah-bocah bisa sinau bebarengan karo kancane. Mula Ibu utawa Bapak Guru kudu bisa paring wawasan lan bimbingan supaya bocah-bocah bisa nindakake pasinaon iki kanthi rukun lan ati seneng.

**Semaken crita ing ngisor iki!**

**Rekreasi menyang WBL**

Dina Minggu Rini lan kanca-kancane sakelas rekreasi menyang WBL. WBL iku manggon ana ing Kabupaten Lamongan. Sadurunge budhal, Rini pamit marang bapak lan ibune. Ora lali Rini nyuwun donga pangestu.

Pak Wibawa lan Bu Dewi meling supaya Rini ngati-ati ing papan rekreasi. Tansah nurut apa sing dingendikakake Bapak lan Ibu Guru sing ngampingi.

Jam 05.00 Rini lan rombongan wis budhal. Tekan WBL watara jam 08.00. Bocah-bocah seneng banget

dolanan ana ing papan iku. Akeh banget jinise dolanan kanggo bocah-bocah. Sak liyane menyang pesisir Tanjung Kodok, rombongan uga mampir ing Gua Maharani.

## Gladhen 1 : Mangsuli Pitakon

**Wangsula pitakon-pitakon ing ngisor iki! Rembugen bebarengan karo klompokmu!**

1. Sapa wae paraga crita sing mentas koksemak?

   ..........................................................................

2. Sapa sing arep rekreasi ?

   ..........................................................................

3. Pak Wibawa lan Bu Dewi meling apa marang Rini ?

   ..........................................................................

4. Rini budhal jam pira ?

   ..........................................................................

5. Sapa wae sing ngampingi Rini lan kanca-kancane menyang WBL ?

   ..........................................................................

## Gladhen 2: Gawe teks crita

Gawea teks crita ringkes wae bebarengan karo kanca saklompok adhedhasar pengalamanmu nalika lelungan

bebarengan karo kanca-kancamu. Upamane: rekreasi, kemah, kerja bakti, studi lingkungan, lan liya-liyane! Yen ana sing durung kokngerteni, nyuwuna pirsa Ibu utawa Bapak Gurumu!

## Pasinaon 3:
## Makarya Mandhiri

Pasinaon telu iki bakal nglatih bocah-bocah supaya bisa makarya kanthi mandhiri. Najan mangkono, Ibu utawa Bapak Guru bisa paring bimbingan menawa ana bocah sing durung bisa makarya mandhiri.

### Gladhen 1: Maca Lancar Teks Crita

**Wacanen kang setiti wacan ing ngisor iki, gatekna uga lafal lan intonasine!**

**Endahe Alas Mangrove Ing Surabaya**

Bocah-bocah apa wis ngerti yen ing Kutha Surabaya ana objek wisata kang arupa alas? Wujude yaiku alas mangrove. Endah lo sesawangane! Objek wisata arupa alas

mangrove mau ana loro cacahe, dumunung ing desa Wonorejo lan desa Gunung Anyar.

## (1) Mangrove Wonorejo

Alas mangrove Wonorejo manggon ana pesisir wetan, utawa *Pantai Timur Surabaya (Pamurbaya)*. Sakliyane nduweni fungsi minangka bendungan uga dimanfaatake minangka *wisata air* lan *ekowisata*. Akeh fasilitas kang bisa dinikmati ing kene, ing antarane yakuwi restoran apung, prau wisata, stand batik mangrove, menara pantau, sentra kuliner asil laut, lan sapanunggale.

Saliyane kuwi uga ana taman rekreasi edukasi kebun bibit Wonorejo. Ing kene adhik-adhik bisa nyinaoni jeneng lan wujude maneka warna tanduran, carane ngramut, lan carane nangkarake.



**(2) Mangrove Gunung Anyar**

Sauntara kuwi, objek wisata alas mangrove Gunung Anyar dununge ora pati adoh saka wisata alas Wonorejo mau. Nalika mlebu area iki, bocah-bocah bisa langsung ndeleng kethele alas mangrove, segara, sarta flora fauna kang apik lan nengsemake.

Sadawane gladhag kang nuju alas mangrove mau, bocah-bocah uga bakal ketemu kethek buntut dawa lan maneka spesies manuk. Ing kene bocah-bocah uga bisa melu nandur bibit mangrove lan ngrumat tanduran mangrove mau.

## Gladhen 2: Mangsuli Pitakon

**Wangsulana pitakonan-pitakonan ing ngisor adhedhasar wacan ing ndhuwur!**

(1) Objek wisata alas mangrove ing Kutha Surabaya mapan ana ngendi?

.................................................................................

(2) Apa kang diarani Pamurbaya?

.................................................................................

(3) Apa fungsine alas mangrove?

.................................................................................

(4) Fasilitas apa kang ana ing wisata mangrove Wonorejo?

.....................................................................................

(5) Apa sing bisa disinaoni bocah-bocah ing taman rekreasi edukasi kebun bibit Wonorejo?

.....................................................................................

(6) Ing sadawane gladhag kang nuju alas mangrove, bocah-bocah ketemu apa?

.....................................................................................

(7) Ing alas mangrove Gunung Anyar bocah-bocah uga bisa melu nindakake apa wae?

.....................................................................................

(8) Papan wisata apa wae sing ana ing dhaerahmu?

.....................................................................................

(9) Apa wae sing bisa koktindakake kanggo njaga karesikan ing papan wisata?

.....................................................................................

(10) Nalika ana uwuh *(sampah)* ing papan wisata utawa ing lingkungan sekolahmu apa sing bakal kotindakake?

.....................................................................................

## Gladhen 3: Migatekake Titi Swara

**Swara [a] Jejeg Lan Swara [a] Miring**

- Swara [a] jejeg yaiku swara [a] sing kaya ing tembung: sapa, kana, raja lsp.
- Swara [a] miring yaiku swara [a] sing kaya ing tembung: pāpān, pāngān, jārān, kāwāt lsp.

Saka tuladha ing ndhuwur, kanthi panuntun utawa bimbingan Ibu lan Bapak Guru, coba golekana tetembungan sing nganggo swara [a] jejeg lan swara [a] miring ing wacan " Endahe Alas Mangrove Ing Surabaya".

**Tulisen ana tabel ing ngisor iki!**

| No | swara [a] jejeg | swara [a] miring |
|---|---|---|
| 1 | Ana | alas |
| 2 | ..................................... | ..................................... |
| 3 | ..................................... | ..................................... |
| 4 | ..................................... | ..................................... |
| 5 | ..................................... | ..................................... |
| 6 | ..................................... | ..................................... |
| 7 | ..................................... | ..................................... |
| 8 | ..................................... | ..................................... |
| 9 | ..................................... | ..................................... |
| 10 | ..................................... | ..................................... |

# GLADHEN WULANGAN 1

**Wacanen sing tliti!**

**Ngingu Kucing Anggora**

Rini saiki wis kelas telu. Saliyane sregep sekolah, dheweke uga sregep ngrewangi wong tuwane. Nalika prei, Rini tansah ngrewangi ibune nyapu lan korah-korah. Kabeh pegawean mau dilakoni kanthi ati seneng tanpa ngresula. Mula, ora mokal menawa bapak lan ibune asih banget marang dheweke.

Rini seneng banget marang sakabehe jinis kewan ingon-ingon. Ing omahe dheweke duwe ingon-ingon kucing anggora. Rini asih banget marang kucing ingon-ingone mau. Saben dina kucinge dipakani lan seminggu pisan uga didusi. Krangkenge uga mesthi diresiki dhewe. Mula, kucing anggorane katon sehat lan nggemesake banget.

**I. Wangsulana pitakon ing ngisor iki kanthi milih salah siji wangsulan sing bener!**

1. Wacan ing ndhuwur irah irahane ....
   A. Ngingu kucing Anggora
   B. Ngingu Kucing Anggora
   C. ngingu kucing anggora

2. Sing saiki kelas telu yaiku ....
   A. Rini
   B. Ririn
   C. Siti
3. Sawise mulih sekolah sing ditindakake Rini ....
   A. ngrewangi ibuke
   B. turu
   C. dolan
4. Ing omah Rini nduweni open-open ....
   A. kucing anggora
   B. pitik walik
   C. kelinci ireng
5. Panggonan kanggo ngingu kucing diarani ....
   A. kandhang
   B. kurungan
   C. krangkeng
6. Ing ngisor iki sing klebu kewan galak yaiku....
   A. kucing
   B. macan
   C. kidang
7. Sing kalebu kewan ingon-ingon ....
   A. gajah
   B. macan
   C. kucing

8. Yen matur karo Bapak utawa Ibu Guru becike kudu nganggo basa ....
   A. ngoko lugu
   B. ngoko alus
   C. krama alus
9. Simbah durung *teka*. Tembung teka krama aluse ....
   A. rawuh
   B. dhateng
   C. dugi
10. Astane adhik lara. Astane benere ....
   A. sikil
   B. tangan
   C. kuping
11. Adhik sare ing kamar. Ukara ing ngarep sing bener ....
   A. Adhik turu ing kamar.
   B. Adhik tilem ing kamar.
   C. Adhik tilem wonten kamar.
12. Ibu tuku sayuran. Ukara kasebut yen diowahi dadi krama alus ....
   A. Ibu mundhut sayuran
   B. Ibu tumbas sayuran.
   C. Ibu mundhut sayur.

13. Bapak *numpak* sepur. *numpak* benere ....
    A. nitih
    B. munggah
    C. numpak
14. Yen bocah-bocah ketemu karo bapak/ibu guru, wajibe....
    A. mblayu
    B. nyapa aruh
    C. meneng
15. ”Akeh cara kanggo *ngramut* tetuwuhan lan sato kewan” tembung *ngramut* tegese ....
    A. ngopeni
    B. ngrusak
    C. nulung

**II. Jangkepana ukara ing ngisor iki nganggo tembung sing mathuk!**

1. Jinise kewan ingon-ingon sing ana sakiwa tengenmu tuladhane yaiku .....
2. Kang bisa koktindakake kanggo ngopeni kewan ingon-ingon umpamane ....
3. Simbah gerah *weteng*, weteng krama inggile ....
4. Gunane basa krama ing padinan, yaiku ....

5. Tulisen tuladhane tembung mawa swara [a] jejeg lan swara [a] miring ....

| Tembung swara [a] jejeg | Tembung swara [a] miring |
|---|---|
| ...................................... | ...................................... |
| ...................................... | ...................................... |
| ...................................... | ...................................... |
| ...................................... | ...................................... |
| .................................... | ....................................... |

# WULANGAN 2

## PENGALAMAN KANG NYENENGAKE

**Kompetensi Dasar:**

| | |
|---|---|
| 3.2 | Mengenal, memahami, dan mengidentifikasi informasi dari teks laporan hasil observasi secara lisan dan tulis. |
| 4.2 | Menyusun dan menyampaikan teks laporan sederhana hasil observasi secara lisan dan tulis. |

**Indikator:**

| | |
|---|---|
| 3.2.1 | Menjelaskan struktur teks laporan hasil observasi sederhana |
| 3.2.2 | Menjelaskan jenis-jenis laporan hasil observasi sederhana. |
| 3.2.3 | Menjelaskan isi teks laporan hasil observasi sederhana. |
| 4.2.1 | Menyusun kerangka laporan hasil observasi |
| 4.2.2 | Menyusun teks laporan hasil observasi berdasarkan kerangkanya. |
| 4.2.3 | Membacakan teks laporan hasil observasi. |

## Mbabar wawasan

**Coba gatekna gambar ing ngisor iki, banjur aranana apa sing ditindakne!**





........................................ ........................................

........................................ ........................................





........................................ ........................................

........................................ ........................................

# Pasinaon:1

## Modhel Teks Pinilih

**Wacanen sing tliti!**

**Plesir Menyang Pantai Popoh**



Dina Minggu, tanggal 7 Agustus 2016 kepungkur Rini, Bima, Pak Wibawa, lan Bu Dewi tindak plesir menyang Pantai Popoh. Pantai popoh iku manggon ana ing tlatah Kabupaten Tulungagung. Salah sijine kabupaten ing Jawa Timur.

Budhal saka daleme simbah jam 06.00. watara jam 07.00 Pak Wibawa sakulawarga wis tekan pinggire segara. Bu Dewi banjur menyang loket. Karcis mlebune murah

banget. Mung Rp 3000,00 saben wong. Sakwise nyekel karcis, kabeh banjur mudhun saka mobil, tumuju menyang pendhapa sing manggon persis sapinggire segara. Pendhapane gedhe tur resik. Hawane rada adhem, amarga angin segara kang sumribit.

Rini banjur ngejak Bima mlaku ngetan, menyang panggonan pelelangan iwak. Wah... ana prau sing lagi mbongkar iwak olehe njaring saka segara. Iwake akeh banget lan werna-werna. Ana sing gedhe lan ana uga sing cilik. Seneng rasane ndeleng para nelayan ngusung asil kerjane. Bocah loro nyata kesengsem ndeleng kahanan iku. Nyata Indonesia iki pancen sugih.

Ora krasa wis jam telu sore. Pak Wibawa banjur nimbali Rini lan Bima supaya padha tata-tata. Jam setengah papat banjur budhal mulih.

**Kawruh sapala**:

Kepungkur = wingi, yang lalu
Plesir = dolan, rekreasi
Tlatah = wewengkon, wilayah
Tekan = teka ing
Tumuju = menuju
Pendhapa = bale, papan kanggo pertemuan
Sumribit = sumilir
Njaring = golek iwak nganggo jaring
Kesengsem = kayungyun, terpesona

## Gladhen 1: Mangsuli Pitakon

**Wangsulana pitakon ing ngisor iki!**

1. Apa irah-irahane wacan ing ndhuwur?

   ..........................................................................

2. Sapa sing plesir?

   ..........................................................................

3. Ana tlatah ngendi papan plesir iku?

   ..........................................................................

4. Kapan olehe padha plesir?

   ..........................................................................

5. Jam pira olehe budhal saka daleme simbah?

   ..........................................................................

6. Sadurunge mlebu pantai kudu tuku apa?

   ..........................................................................

7. Sawise mudhun mobil, padha tumuju menyang ngendi?

   ..........................................................................

8. Pira regane karcis saben wong?

   ..........................................................................

9. Apa sing narik kawigatene Rini karo Bima ing papan plesir mau?

   ..........................................................................

10. Jam pira olehe padha mulih?

   ..........................................................................

## Gladhen 2: Struktur lan Isi Laporan Asil Observasi

Wacan ing ndhuwur nyritakake kepriye paraga utama yaiku Rini meruhi lan nyemak/ngobservasi maneka warna kedadeyan utawa prastawa ing Pantai Popoh.

Adhedhasar asile observasi mau, Rini banjur nulis lapuran. Rewangana Rini nerusake lapuran asil observasine ing ngisor iki! Yen wis rampung banjur wacanen ana ngarep kelas!

**Lapuran Asil Observasi Pantai Popoh**

Papan observasi : Pantai Popoh
Wektu pengamatan : Minggu, 7 Agustus 2016
Obyek sing diobservasi : TPI
Pengamat : Rini
Asile Observasi :

| No. | Wektu Pengamatan | Sing Diobservasi | Asile Observasi |
|---|---|---|---|
| 1. | 07.00 | Loket karcis | Regane karcis mung Rp 3000,00 |
| 2. | 07.10 | Pendhapa | Gedhe lan resik |
| 3. | 07. 30 | TPI | ........................... ........................... |
| 4. | 15.00 | ................ ................ | ........................... ........................... |

## Pengalaman Pribadi

Saben bocah mesthi nduweni pengalaman. Pengalaman bisa dibedakake dadi loro:

a. **Pengalaman sing nyenengake :** Pengalaman sing isine kedadeyan- kedadeyan nengsemake (nyenengake)

   Tuladha: plesiran ing telaga, melu kegiatan pramuka, dolanan, karo kanca, lan sapanunggale.

b. **Pengalaman sing nrenyuhake:** Pengalaman sing isine kedadeyan- kedadeyan sing gawe susahe ati (nyedhihake)

   Tuladha : tiba saka sepedha, ora dadi juara kelas, nandang lara, lan sapanunggale.

**Bocah-bocah, coba saiki gawea teks bab pengalaman pribadi saka pengalamanmu dhewe sing nengsemake (menyenangkan). Tulisen nganggo ukaramu dhewe!**

# Pasinaon 2:

## Makarya Bebarengan

Pasinaon loro iki bakal ngejak bocah-bocah makarya kanthi bebarengan. Mula tugasmu saiki, nulisa laporan sederhana asil observasi bebarengan karo klompokmu! Sakdurunge tumandang, coba wacanen teks ing ngisor iki!

**Teknik Nyusun Teks Asil Observasi**

Laporan sederhana (prasaja) yaiku wujud informasi tulis sing menehi pawarta penting ngenani sawijining kadadeyan utawa kegiatan.

Bab-bab kang kudu digatekake nalika nulis laporan sederhana yaiku:

1. Objektif : bab sing dilaporake kudu bener-bener dilakoni.
2. Jangkep: Isine laporan kudu jangkep kaya kang didhawuhke Bapak/Ibu Guru.
3. Tepat Waktu: olehe nglumpukne laporan kudu cundhuk karo wektu kang wus disepakati.
4. Narik Kawigaten: panyusune laporan kudu rapi lan narik kawigatene wong liya, supaya padha gelem maca laporan kegiatan mau.

**Tuladha Laporan Observasi Prasaja (*Sederhana*)**

**LAPORAN KEGIATAN**

Jeneng Kegiatan: Mengeti HUT Kemerdekaan RI

Wektu Kegiatan : 13-14 Agustus 2015

Papan Panggonan: Lapangan sekolah

Guru Pembimbing: Bp. Wildan, M.Pd

**Tabel Laporan Kegiatan:**

| No | Kegiatan Sing Dilakoni | Asile Kegiatan |
|---|---|---|
| 1 | Lomba ngempit plembungan | Bocah-bocah kelas 1 bisa nindakake kanthi trengginas. Kabeh padha seneng lan semangat |
| 2 | Lomba nglebokake paku menyang gendul | Bocah-bocah kelas 2 bisa nindakake kanthi dhisiplin, bisa urut antri ora ana sing rebutan |
| 3 | Lomba mangan krupuk | Bocah-bocah kelas 3 bisa nindakake kanthi sportif. |

| | | |
|---|---|---|
| 4 | Lomba balapan gendera | Kanthi nindakake bebarengan kegiatan kasebut bocah-bocah kelas 4 bisa ningkatake kerjasama sajroning kelompok. |
| 5 | Lomba balapan karung | Bocah-bocah kelas 5 bisa nindakake kanthi sportif. |

## Gladhen: Isi Teks Asil Observasi

Kanthi panuntun (bimbingan) saka Ibu/Bapak Guru, gawea laporan prasaja (*sederhana*) ngenani kegiatan kang ana ing lingkungan sekolahmu. Umpamane: kerja bakti, rekreasi, dolanan bareng, lan sapanunggalane. Garapen bebarengan karo klompokmu ana format sing wis cumepak ing ngisor iki!

**LAPORAN KEGIATAN**

Jeneng Kegiatan: .......................................................

Wektu Kegiatan : .......................................................

Papan Panggonan: .......................................................

Guru Pembimbing: .......................................................

**Tabel Laporan Kegiatan:**

| No | Kegiatan Sing Dilakoni | Asile Kegiatan |
|---|---|---|
| 1 | ............................<br>............................<br>............................ | ................................................<br>................................................<br>................................................ |
| 2 | ............................<br>............................<br>............................ | ................................................<br>................................................<br>................................................ |
| 3 | ............................<br>............................<br>............................ | ................................................<br>................................................<br>................................................ |
| 4 | ............................<br>............................ | ................................................<br>................................................ |
| 5 | ............................<br>............................ | ................................................<br>................................................ |

## Pasinaon 3:

### Makarya Mandhiri

Ing pasinaon telu iki bocah-bocah bakal makarya kanthi mandiri. Bocah-bocah kudu nindakake kabeh kegiatan.

Menawa ana sing durung ngerti, nyuwuna pirsa Ibu utawa Bapak gurumu!

## Gladhen: Maca Teks Laporan Asil Observasi

Teks laporan asil observasi sing wis kokgarap karo klompokmu mau wacanen ana ngarep kelas gentenan karo kancamu. Bocah-bocah kudu nyemak nalika kancane maca supaya bisa menehi panemu.Nalika maca aja lali gatekna lafal lan intonasine.

# GLADHEN WULANGAN 2

Semaken wacan ing ngisor iki!

**Kawah Ijen**



Rikala liburan akhir taun kapungkur, Rini lan Bima diajak bapake plesiran. Ndilalah sing dipilih yaiku objek wisata alam Kawah Ijen. Kawah Ijen iku manggon ing *dataran tinggi* Ijen, mlebu tlatah Kabupaten Banyuwangi lan Kabupaten Bondowoso, Jawa Timur. Kawah ijen mujudake obyek wisata kawah sing wis dadi tlaga (danau) ing tengahe gunung sing amba banget. Banyune werna ijo, endah dinulu.

Kanggone Rini lan Bima, plesiran menyang objek wisata Kawah Ijen iki mujudake pengalaman kang nyenengake lan ora bisa dilalekake. Sadalan-dalan bocah loro bisa nyawang kaendahaning alam. Ijone tetuwuhan lan gunungan kang endah. Sawise tekan kawah ijen, Rini lan Bima kaget. Jebule sing plesiran ing kono ora mung wisatawan dhomestik. Wisatawan saka manca negara uga akeh sing mrana. Pancen kawah Ijen mujudake salah sijine objek wisata unggulan ing Jawa Timur.

**I. Wangsulana pitakon ing ngisor iki kanthi milih salah siji wangsulan sing bener!**

1. Manut wacan kasebut, sing diajak plesiran yaiku....
   A. Rini lan Bima
   B. Ririn lan Bima
   C. Rini lan Rudi
2. Olehe plesiran menyang ....
   A. Tlaga Sarangan
   B. Tlaga Ngebel
   C. Kawah Ijen
3. Kawah Ijen manggon ing tlatah ....
   A. Magetan
   B. Banyuwangi lan Bondowoso
   C. Ponorogo

4. Kaendahaning Kawah Ijen ing antarane nduweni banyu werna ....
   A. abang
   B. biru
   C. ijo
5. Saliyane wisatawan domestik, kawah ijen uga ditekani wisatawan saka....
   A. luar negeri
   B. manca negara
   C. turis
6. Rini lan Bima diajak bapake *plesiran*. Tembung *plesiran* tegese ....
   A. dolan
   B. rekreasi
   C. preian
7. Kepriye pangrasane Rini lan Bima diajak plesiran bapake?
   A. seneng banget
   B. susah
   C. trenyuh
8. Pengalaman sing dialami Rini lan Bima klebu pengalaman sing ....
   A. nrenyuhake
   B. nyenengake

C. nyusahke

9. Nalika nyusun laporan observasi kudu .....

A. objektif/ apa anane kaya sing dialami

B. asal-asalan wae

C. ora nggatekake wektu

10. Nalika arep mlebu papan wisata kudu tuku ....

A. kwitansi

B. nota

C. karcis

**II. Wangsulana pitakon ing ngisor iki!**

1. Sebutna papan wisata sing nate koparani!
2. Sebutna perangan sing kudu ana ing laporan observasi!
3. Yen nulis/nyusun laporan observasi kudu kepriye?
4. Owahana dadi basa krama alus:
   a. Ibu nganggo klambi abang.
   b. Bapak ndelok bal-balan.
5. Owahana dadi basa ngoko:
   a. Adhik dereng wangsul.
   b. Mbak Rini tumbas es degan

# WULANGAN 3

# MANGSA

## Kompetensi Dasar:

| | |
|---|---|
| 3.3 | Mengenal, memahami, dan mengidentifikasi informasi dari teks lisan tentang kondisi alam dalam bentuk cerita. |
| 4.3 | Menyampaikan teks lisan tentang kondisi alam dalam bentuk cerita. |


## Indikator:


| | |
|---|---|
| 3.3.1 | Mengidentifikasi istilah-istilah cuaca dan musim dalam teks cerita. |
| 3.3.2 | Menjelaskan istilah-istilah cuaca dan musim dalam teks cerita. |
| 4.3.1 | Menulis cerita tentang kondisi alam. |
| 4.3.2 | Menceritakan kondisi alam secara lisan. |

## Mbabar wawasan

**Coba setitekna gambar ing ngisor iki!**


Gambar 1




Gambar 2

.......................................... ....................................

Sawise nyemak gambar ing ndhuwur, wangsulana pitakon ing ngisor iki!

1. Critakna isine gambar nomer 1!
2. Critakna isine gambar nomer 2!
3. Gambar nomer 1 nggambarake mangsa apa?
4. Gambar nomer 2 nggambarake mangsa apa?
5. Kedadean apa wae sing bisa dumadi saka gambar 1 lan gambar 2?

## Pasinaon 1

## Modhel Teks Pinilih

Ing pasinaon siji iki Ibu utawa Bapak Guru bisa paring dhawuh supaya bocah-bocah gentenan maca teks sing ana gandhenge karo mangsa. Uga paring arahan supaya bocah-bocah gelem nyemak nalika kancane lagi maca.

**Semaken kanthi setiti teks sing sing diwacakake kancamu iki!**

### Kudhung Ujungan



Dina Senin jam kira-kira 12.00 Bima lan kanca-kancane wis rampung olehe sinau ing sekolah. Nalika mulih bebarengan karo kancane sing jenenge Rino, dumadakan udan riwis-riwis. Pancen saiki wis

mangsa rendheng, mula sawayah-wayah bisa udan tanpa dinyana.

Amarga udane saya deres, Bima nyoba nggoleki payunge. Sawise tas dibukak, payung sing digoleki jebule kari ing omah.

Tujune bocah loro mau ketemu Pak Sura, tangga cedhak omahe sing lagi ngarit. Pirsa ana bocah cilik kudanan, Pak Sura banjur mecokake godhong gedhang sing pancen urip sakiwa tengena dalan desa mau.

Rino age-age nampani ujungan sing diparingi Pak Sura, banjur digawe kudhungan karo Bima. Sanajan tetep kodanan, Bima lan Rino seneng banget kudhungan godhong gedhang mau nganti tekan omah.

## Gladhen 1 : Mangerteni Isine Crita

**Wangsulana kanthi patitis !**

1. Apa irah-irahane wacan ing ndhuwur?

   ...........................................................................

2. Sapa sing mulih sekolah?

   ...........................................................................

3. Sapa sing kudanan?

   ...........................................................................

4. Apa sebabe sawayah-wayah udan?

.............................................................................

5. Apa sing ditindakake Bima nalika dumadakan udan?

.............................................................................

6. Apa sing digoleki Bima ana?

.............................................................................

7. Bocah loro mau banjur ketemu sapa?

.............................................................................

8. Pawongan mau menehi pitulungan apa?

.............................................................................

9. Apa sing dirasakake Bima lan Rino nalika payungan godhong gedhang najan tetep kudanan?

.............................................................................

10. Tuladha becik apa sing bisa kokjupuk saka wacan ing ndhuwur?

.............................................................................

## Gladhen 2 : Ayo Gawe Ukara Pitakon



**Semaken sepisan maneh gambar ing ngisor iki, banjur**

**gawea ukara pitakon sing mathuk karo isine gambar!**

Ukara pitakonku:

1. ..............................................................................
   ..............................................................................
2. ..............................................................................
   ..............................................................................
3. ..............................................................................
   ..............................................................................



Ukara pitakonku:

1. ..............................................................................
   ..............................................................................
2. ..............................................................................
   ..............................................................................
3. ..............................................................................
   ..............................................................................

# Pasinaon 2:
# Makarya Bebarengan

Kanthi panuntune (bimbingan) guru, bocah-bocah nggoleki tembung-tembung sing durung dingerteni tegese ing wacan " Kudhung Ujungan". Sawise ketemu banjur bebarengan negesi tembung-tembung kasebut kanthi cara mbukak bausastra Jawa utawa pepak Basa Jawa.

## Gladhen 1 : Istilah-Istilah Sajerone Mangsa

Tulisen tembung-tembung sajrone wacan "Kudhung Ujungan" ing ngarep sing durung kokngerteni tegese ana papan sing wis cumepak, banjur golekana tegese kanthi cara mbukak bau sastra utawa pepak basa jawa. Garapen bebarengan karo kanca saklompokmu! Yen ana sing ora kokngerteni, nyuwuna pirsa marang Bapak utawa Ibu Gurumu.

| No. | Tembung | Tegese tembung |
|---|---|---|
| 1 | | |

| | | |
|---|---|---|
| 2 | | |
| 3 | | |
| 4 | | |
| 5 | | |
| 6 | | |
| 7 | | |
| 8 | | |
| 9 | | |
| 10 | | |

**Arep udan iku mesthi ana tandha-tandhane. Coba tulisen apa wae tandha-tandhane arep udan! Garapen bebarengan karo klompokmu!**

Tandha-tandhane arep udan:

1. ..........................................................

2. ..........................................................

3. ..........................................................

4. ..........................................................

5. ..........................................................

## Gladhen 2: Tetuwuhan lan Mangsane

Yen ngrembug mangsa, ana becike menawa bocah-bocah mangerteni arane mangsa. Ana **mangsa rendheng** lan ana **mangsa ketiga**.

Bocah-bocah, ayo saiki sinau bab tetuwuhan sing ana gandhenge karo mangsa rendheng lan mangsa ketiga. Coba rembugen bebarengan karo klompokmu, tetuwuhan apa kang bisa urip ing mangsa rendheng lan tetuwuhan apa kang bisa urip ing mangsa ketiga. Tulisen ana papan sing wis cumepak. Yen wis rampung, wacanen ing ngarep kelas supaya klompok liyane bisa menehi panemu!

| No. | **Jinise tetuwuhan ing mangsa rendheng** | **Jinise tetuwuhan ing mangsa ketiga** |
|---|---|---|
| 1 | | |
| 2 | | |
| 3 | | |
| 4 | | |
| 5 | | |

# Pasinaon 3:
# Ayo Makarya Mandhiri

Bocah-bocah, sawise makarya bebarengan, ayo saiki padha makarya mandhiri. Kabeh kudu mbudidaya kepriye carane bisa ngrampungake gladhen-gladhene. Menawa ana sing durung kokngerteni, nyuwuna pirsa Ibu utawa Bapak Gurumu.

## Gladhen 1: Nulis Crita Bab Alam

Semaken crita bab kondisi alam ing ngisor iki, minangka tuladha. Sabanjure coba nulisa crita saka kedadeyan sing nate kokweruhi sing ana gandhenge karo mangsa.

**Wacanen sing tliti!**

**Mangsa**

Mangsa rendheng padha karo mangsa udan. Adate meh saben dina udan. Kadhang kala malah nganti pirang-pirang dina udane ora terang-terang. Yen kedadeyane kaya mangkono, bakal bisa nuwuhake banjir, lemah jugrug lan sapanunggalane.

Akeh kapitunan menawa wis katerak banjir. Omah rusak, tetuwuhan rusak, kewan-kewan akeh sing mati. Malah kadhang kala uga ana wong sing dadi kurban nganti tumakaning pati. Mula kabeh wae kudu padha ngati-ati. Aja mbuwak resek utawa uwuh sakepenake dhewe. Supaya yen mangsa rendheng, ora nuwuhake banjir.

Semono uga menawa wayahe mangsa ketiga. Yen ora ngati-ati, uga bisa nuwuhake maneka warna bencana. Upamane, yen akeh wit-witan gedhe sing ditebang, bakal akeh sumber sing asat, panas sing kaliwat-liwat, larang banyu, lan akeh tetanduran sing mati.

..........................................................

.........................................................................................................................

.........................................................................................................................

.........................................................................................................................

.........................................................................................................................

.........................................................................................................................

.........................................................................................................................

.........................................................................................................................

**PEPELING**
**JENENGE MANGSA**

1. Bedhiding : Tengah-tengahing mangsa ketiga, yen wayah esuk adhem banget
2. Ketiga : Mangsa terang, ora ana udan
3. Labuh : Mangsa ngarepake rendheng
4. Mareng : Mangsa ngarepake ketiga (bakda rendheng)


## Gladhen 2: Nyritakake Bab Kondisi Alam

Crita sing koktulis mau, saiki critakna ing ngarep kelas. Yen durung apal karo isi critane, bocah-bocah pareng nggawa buku. Lakonana gentenan karo kanca sakelasmu. Bocah-bocah kudu nyemak nalika kancane crita, supaya bisa menehi panemu.

# GLADHEN WULANGAN 3

**Wacanen sing tliti!**

**Mangsa Ketiga**



Mangsa ketiga kadhang kala dirasakake abot banget dening masyarakat. Akeh wong sing kangelan golek banyu resik. Sumur-sumur padha asat. Saliyane iku para tani padha bingung amarga sawahe padha nela. Saluran irigasi garing ora ana iline banyu babar pisan. Tetuwuhan kaya dene palawija, padha mati amarga ora kumanan banyu.

Mula kanggo ngawekani kahanan kasebut, pemerintah mbangun bendungan utawa wadhuk. Bendungan sing ana ing wewengkon Jawa Timur upamane wadhuk Karang Kates ing Malang, Wadhuk Pondhok ing Ngawi, lan Wadhuk Selareja ing Ngantang. Wadhuk-wadhuk mau minangka tandhon banyukanggo ngawekani tekane mangsa ketiga.

Sakliyane iku, masyarakat uga kudu bisa melu njaga lestarine lingkungan. Aja sakepanake dhewe nebang wit-witan. Program "*Satu Orang Satu Pohon*" ayo ditindakake. Amarga wit-witan iku gedhe banget mupangate tumrap panguripan. Sakliyane ngasilake oksigen, wit-witan uga bisa nyengkerem lemah supaya ora nganti longsor yen keglontor banyu udan. Wit-witan uga bisa nyimpen banyu, supaya nalika mangsa ketiga ora nganti larang banyu.

**I. Wangsulana pitakon ing ngisor iki kanthi milih salah sijine wangsulan sing bener!**

1. Wacan ing dhuwur irah-irahane ....
   A. Mangsa Rendheng
   B. Mangsa Ketiga
   C. Ketiga Dawa
2. Nalika mangsa ketiga akeh warga sing ....
   A. kangelan golek banyu resik.
   B. angel golek pangan.
   C. kena bencana pageblug
3. Tetuwuhan sing mati nalika mangsa ketiga upamane ....
   A. palawija
   B. pari
   C. jagung

4. Sing ditindakake pemerintah kanggo ngawekani tekane mangsa ketiga yaiku ....
   A. menehi bantuan banyu
   B. menehi sembako masyarakat
   C. nggawe wadhuk
5. Wadhuk Pondhok dumunung ing wewengkon ....
   A. Kediri
   B. Ngawi
   C. Malang
6. Sing bisa ditindakake masyarakat kanggo nanggulangi larang banyu ....
   A. njaga lestarine lingkungan lan nandur wit-witan
   B. ora mbuwang rereged ing gorong-gorong
   C. nebangi wit-witan ing alas
7. Saiki mangsa ketiga mula larang banyu resik. Mangsa ketiga *kosok baline* ....
   A. mangsa rendheng
   B. mangsa bedhidhing
   C. mangsa panen
8. Ing ngisor iki sing ora kalebu mupangate wit-witan yaiku ....
   A. nyegah udan
   B. ngasilake oksigen

C. nyengkerem lemah

9. Bapak gugur gunung ngresiki gorong-gorong. *gugur gunung* tegese ....
   A. gotong royong
   B. munggah gunung
   C. mlaku-mlaku
10. Bapak ngangsu banyu ing sendhang. *banyu* krama inggile ....
   A. toya
   B. latu
   C. siti

**II. Wangsulana pitakon ing ngisor iki!**

1. Sebutna 3 wae tetuwuhan sing bisa urip ing mangsa ketiga!

   ..........................................................................
2. Kadadean apa wae sing bisa dumadi nalika mangsa rendheng?

   ..........................................................................
3. Apa sing bisa kotindakake kanggo nanggulangi banjir nalika mangsa rendheng?

   ..........................................................................
4. Apa wae mupangate wit-witan tumrap panguripan?

   ..........................................................................
5. Apa wae mupangate wadhuk?

# WULANGAN 4

## DONYA SAISINE

**Kompetensi Dasar:**

| | |
|---|---|
| 3.4 | Mengenal, memahami, dan mengidentifikasi teks puisi tentang alam semesta dan penampakannya dengan bantuan guru secara lisan dan tulis. |
| 4.4 | Membaca indah teks puisi tentang alam semesta dan penampakannya. |

**Indikator:**

| | |
|---|---|
| 3.4.1 | Menjelaskan pengertian puisi |
| 3.4.2 | Mengidentifikasi ciri-ciri puisi |
| 3.4.3 | Menjelaskan isi puisi |
| 4.4.1 | Menulis puisi sederhana |
| 4.4.2 | Membaca indah teks puisi |
| 4.4.3 | Menanggapi pembacaan puisi teman |

## Mbabar wawasan

**Coba gatekna gambar ing ngisor iki, banjur critakna apa sing ditindakne!**



**Papan kanggo nulis crita!**

..........................................................................................

..........................................................................................

..........................................................................................

Apa kowe nate maca geguritan?

Apa irah-irahane geguritan sing kokwaca?

Apa kowe nate nulis geguritan?

Apa irah-irahane geguritan sing koktulis?


## Pasinaon:1

## Modhel Teks Pinilih

Geguritan yaiku iketaning basa kang memper syair utawa *puisi.* Mula ana sing ngarani menawa geguritan iku syair utawa *puisi* Jawa gagrag anyar. Menawa ing piwulangan Bahasa Indonesia geguritan uga diarani puisi. Mula bisa disimpulake, menawa geguritan iku *puisi* sing pirantine nganggo basa Jawa

Ing wulangan iki bocah-bocah bakal nyinau geguritan kang nyritakake bab donya saisine.

**Coba semaken gambar lan geguritan ing ngisor iki!**



**Endahing Bumiku**
anggitane: Jeng Kitut

Delengen kae kanca
Tegal sawah sing amba
Kebak tetuwuhan kang subur
Nyata Indonesia negri kang makmur

Ayo padha dijaga
Aja ninggal  prayitna
Dimen lestari lingkunganira

Aja nganti getun mburi
Ilang musna tanpa sisa
Endahing bumi mung kari crita

### Gladhen 1: Pangertene Geguritan

Sawise maca andharan lan geguritan ing nduwur, saiki wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki!

1. Apa geguritan iku?

   ......................................................................................

2. Geguritan iku yen ana wulangan bahasa Indonesia diarani apa?

   ......................................................................................

3. Apa irah-irahane geguritan ing ndhuwur?

   ......................................................................................

4. Geguritan ing ndhuwur anggitane sapa?

.............................................................................

5. Tembung anggitan nduweni teges apa?

.............................................................................

## Gladhen 2: Ciri-Cirine Geguritan

Geguritan iku nduweni ciri-ciri tartamtu. Ciri-cirine geguritan bakal kababar ing ngisor iki:

1. Ora kaiket dening pathokan kang gumathok
2. Migunakake tembung- tembung pilihan utawa diksi
3. Cacahe larik (gatra) saben sapada (bait) ora katemtokake
4. Cacahe pada (bait) bebas
5. Pungkasane larik, unine bebas
6. Isine mentes lan ngamot piwulang becik
7. Trakadhang nggunakake purwakanthi basa, swara, lan sastra

# Pasinaon 2:

## Makarya Bebarengan

Ing pasinaon loro iki, bocah-bocah bakal makarya bebarengan karo kanca saklompoke. Bakal nyinaoni bab isine geguritan lan carane nulis geguritan.

### Gladhen 1: Isine Geguritan

Nalika nulis geguritan, panggurit utawa panganggit mesthi nduwe tujuan tartamtu. Supaya bisa mangerteni isine geguritan, mula bocah-bocah kudu gelem maca kanthi setiti sakabehing tembung sajroning geguritan.

Kanthi mangerteni isine geguritan, kaajab bocah-bocah bisa nindakake utawa ngecakake piwulang becik sajroning geguritan mau ing omah utawa ing sekolah.

Kanggo mangerteni isine geguritan, bocah-bocah kudu nggatekake sawernane pranatan. Pranatan mau bisa nggampangake bocah-bocah mangerteni isine utawa amanat kang dumunung sajroning geguritan.

Pranatan kang kudu digatekne kanggo mangerteni isine geguritan yaiku:

1. Diwaca bola-bali

2. Pamacane geguritan, urut sapada sapada
3. Kudu permati saben negesi tembung
4. Nemtokake apa kang dicritakake ing saben padane
5. Nyawijekake bab-bab kang dicritakake, pamikir utawa /gagasan utama ing saben pada supaya dadi crita kang utuh lan gampang dimangerteni.

Sawise mangerteni kepriye carane nggoleki isine geguritan, coba semaken maneh geguritan ing ngisor iki, banjur garapen prentahe.




**Taman Sekolahku**
anggitane: Jeng Kitut

Kae taman sekolahku
Kebak kembang maneka warna
Endah lan asri dinulu
Ayo kanca padha dijaga

Kembang mawar, kembang melathi
Kemuning, puring, lan soka
Openana sing gemati
Aja nganti padha lena

Delengen kae kupu gajahe
Mabur ngalor, ngidul
ngetan banjur ngulon
Ngisep sarine kembang ing taman
Leledhang sajak gegojekan
Suka-suka aneng taman

**Wacanen geguritan ing nduwur sepisan maneh, banjur wangsulana pitakon ing ngisor iki!**

1. Apa irah-irahane geguritan ing ndhuwur?

   ..........................................................................

2. Geguritan ing ndhuwur ana pirang pada?

   ..........................................................................

3. Pira cacahe gatra ing pada kapisan?

   ..........................................................................

4. Pira cacahe gatra ing pada kapindho?

   ..........................................................................

5. Pira cacahe gatra ing pada ketelu?

   ..........................................................................

6. Openana kanthi gemati! Gatra kasebut maksude apa?

.....................................................................................

7. Apa sing dicritakake geguritan ing ndhuwur?

.....................................................................................

## Gladhen 2: Ayo Nulis Geguritan

**Bocah-bocah, ayo bebarengan blajar nulis geguritan!**

Nulis geguritan bisa nikelake kreativitas. Kejaba iku, kanthi nulis geguritan bocah-bocah bisa mangerteni kahanan sing ana ing satengahe masyarakat. Tundhone ing pungkasane pasinaon, bocah-bocah bisa njupuk amanat sing becik lan nyingkiri tumindak ala.

Supaya bisa dadi geguritan langkah-langkah sing kududitindakake yaiku:

1. Nemtokake tema
2. Nemtokake irah-irahan
3. Nemokake gagasan baku
4. Ngronce tembung supaya katon endah lan kepenak dirasakake (bisa ndeleng ing bausastra / pepak basa)

**Tuladha** :

Bocah-bocah arep gawe geguritan kanthi tema bencana alam. Bencana alam kuwi rupa-rupa, bisa banjir, gunung mbledhos, lindhu. Pilih salah siji, ateges wis dadi tema sing spesifik. Umpamane "banjir". Gawea ukara sing ana gandheng cenenge karo "banjir" mau, kaya dene:

1. Apa sing nyebabake banjir.
2. Kepriye kedadeane.
3. Kepriye akibate.
4. Apa hikmah kang bisa disinau saka kedadean banjir mau.

Sawise mangerteni cara-carane nulis geguritan, kanthi panuntun utawa bimbingane Ibu utawa Bapak guru, coba nulisa geguritan nganggo basamu dhewe. Temane ngenani "Mangsa" bisa kahanan ing mangsa rendheng, bisa uga kahanan ing mangsa ketiga. Yen wis rampung, banjur wacanen ing ngarepe guru lan kanca-kancamu.

# Pasinaon 3:

## Makarva Mandhiri

### Gladhen 1: Ayo Maca Geguritan

Maca geguritan beda banget karo maca reriptan gancaran. Nalika maca geguritan para siswa kudu bisa narik kawigatene para pamiyarsa. Kanggo narik kawigaten mau, ana bab-bab sing kudu digatekake.

Perangan sing kudu digatekake supaya olehe maca geguritan bisa becik yaiku:

1. Cendhek dhuwure swara (intonasi)
2. Wiramaning ukara. (irama)
3. Andheganing tetembungan lan ukara (jeda)
4. Owah osike pasuryan lan obahe awak (mimik lan Pantomimik/ ekspresi)

Setitekna geguritan ing ngisor iki, wacanen sajroning batin banjur wacanen kanthi ekspresi ing ngarepe Bapak utawa Ibu Gurumu supaya oleh komentar!

Sekolahanku...
Panggonan anggonku golek ilmu
Sekolahanku...
Diwulang dening Bapak-Ibu Guru

Sekolahanku...
Sinau, maca buku
Ing Panggonan iki
Aku diajari supaya karo wong tuwaku kudu bekti

Ing panggonan iki
Aku diajari marang kanca aja srei
Diparingi PR kanggo gladhen
Kanggo sangu urip ing tengahing bebrayan

Aku percaya...
Sanajan abot kudu dilakoni
Kabeh mau kanggo kepentingan pribadi
kareben ngesuk dadi wong kang aji
miguna tumprap bangsa lan nagari

*kapethik: www.Geguritan.com*

## Gladhen 2: Nanggepi Pamacane Geguritan

Kanggo nanggepi tata carane kancamu sing wis maju, kanca liyane kudu melu nyemak kanthi permati. Kabeh mau nduweni ancas kanca-kanca kabeh bisa nanggepi kanthi becik. Perangan kang kudu ditanggepi antarane :

1. Vokal: cetha orane anggone maca lan bener orane anggone ngucap tetembungan sajroning geguritan.
2. Intonasi: bener orane anggone medhot tetembungan.
3. Ekspresi: obah gingsire pasuryan (*mimik wajah*) lan obahing raga.

Kanthi bimbingan Ibu utawa Bapak guru, coba bijinen penampilane kanca sabangkumu. Sawise kok biji kumpulke marang gurumu!

Daptar Garapan

Jenenge kancaku : ..............................

Nomer Absen : ..............................

Kelas : ..............................

| Perangan | 1 | 2 | 3 |
|---|---|---|---|
| Vokal | | | |
| Intonasi | | | |
| Ekspresi | | | |
| Total | | | |

Kateterangan: 1. Kurang

2. Cukup

3. Becik

# GLADHEN WULANGAN 4

**Coba setitekna reriptan geguritan iki:**

**Kembang Mlathi**

(R. Widiyati)

Daksebar kembang mlathi
Ing Taman Makam Pahlawan
Kusuma Bangsa kang sejati
Luhku tumetes... tes... netesi bumi
Aku rumangsa dosa
Durung bisa melu labuh negara
Amung sekar mlathi iki
Tandha setya lan janji
Bakal melu napak suci
Labuh nagri alelandhesan ati suci
Dadi pepenget Agustus iki dina mulya lan suci

**I. Wangsulana pitakon ing ngisor iki kanthi milih salah sijine wangsulan sing bener!**

1. Geguritan kasebut anggitane R.Widyati.

Anggitane tegese ....

A. karangane

B. sing maca

C. sing nembang

2. Papan panggonan kanggo nyarekake para pahlawan diarani ....

A. pasarean

B. prapen

C. taman makam pahlawan

3. Kembang sing disebar ing taman makam pahlawan arupa kembang ....

A. mlathi

B. menur

C. mawar

4. Luhku tumetes ...tes...nelesi bumi. Ukara ing ngarep nggambarake wong sing lagi ....

A. ngguyu

B. nangis

C. nesu

5. Geguritan uga diarani ....

A. parikan

B. puisi Jawa

C. purwakanthi

6. Sing sepisanan kudu ditindakake nalika arep nulis geguritan yaiku ....
   A. nemtokake irah-irahan
   B. nemtokake bakune gagasan
   C. nemtokake tema
7. Dawa cendhake swara nalika maca geguritan diarani ....
   A. irama
   B. intonasi
   C. ekpresi
8. Sikap sing becik nalika ana kancane maca geguritan ....
   A. gojegan
   B. nyemak kanthi permati
   C. omong dhewe
9. Bu Guru maca geguritan ing kelas. tembung *maca* kudune sing bener ....
   A. nyerat
   B. maos
   C. nyungging
10. Sing bisa kok tindakake kanggo ngisi kamardikan yaiku ....
   A. sregep sinau supaya mbesok dadi wong sing migunani
   B. mbuwang reged ing plataran sekolah

C. ngrusak tetuwuhan ing pekarangan

**II. Wangsulana pitakon ing ngisor iki!**

1. Apa sing koweruhi ngenani geguritan?
2. Sebutna apa wae paugerane geguritan?
3. Apa wae perangan kang kudu disetitekna nalika arep nulis geguritan?
4. Apa wae perangan kang kudu digatekna supaya maca geguritan bisa becik ?
5. Semaken gambar ing ngisor iki!

| | |
|---|---|
|  | Coba gawea geguritan nganggo basamu dhewe ngenani gambar ini! |

# UJI KOMPETENSI AKHIR SEMESTER

Wacanen teks ing ngisor iki!

**Dolan Bareng**

Rini lan Kunthi bocahe pancen sregep sinau. Sing disinaone ora mung piwulangan ing sekolahan, nanging uga nyinau bab lingkungan. Nyawang kaendahaning alam lan moto mujudake kasenengane Rini lan Kunthi.

Dina minggu Rini, Kunthi, lan kanca-kancane dolan menyang sawah karo nyangking tustel. Sawahe katon ijo royo-royo. Tandurane pari wiwit njebul. Para kadang tani sengkud ngopeni sawahe supaya asil panenane akeh. Ana sing lagi matun, uga ana sing lagi ngrabuk.

Rini sakancane seneng atine. Bocah-bocah muji syukur marang Gusti Kang Maha Agung dene pinaringan kanugrahan bumi saisine kang endah lan subur.

**I. Wangsulana pitakon ing ngisor iki kanthi milih salah siji wangsulan sing bener!**

1. Tokoh utama wacan ing ndhuwur yaiku ....
   A. Pak Wibowo

B. Kunthi

C. Rini

2. Rini dadi bocah pinter tandhane ....

   A. saben ulangan bijine elek

   B. saben akhir semester dadi juara kelas

   C. ora tau nggarap PR

3. Wong tuwane Rini asmane ....

   A. Pak Bowo lan Bu Dewi

   B. Pak Rudi lan Bu Dewi

   C. Pak Bowo lan Bu Rani

4. Rini nduweni kanca akeh amarga ....

   A. ring njajakne

   B. ora sombong

   C. dadi juara kelas

5. Tumindake Rini sing becik amarga saka panggulawenthahe pak Wibowo lan bu Dewi.

   *gulawenthah* tegese ....

   A. contoane

   B. alemane

   C. dhidhikane

6. Papan panggonan kanggo ngingu raja kaya diarani ....

   A. glodhogan

   B. gedhogan

   C. kandhang

7. Sing klebu kewan raja kaya, <u>kajaba</u> ....
   A. gajah
   B. kebo
   C. sapi
8. Papan wisata sing kanggo nanggulangi banjir rob diarani ....
   A. alas mangrove
   B. bendungan
   C. pesisir
9. Papan wisata Kawah Ijen manggong ing tlatah ....
   A. Magetan
   B. Banyuwangi lan Bondowoso
   C. Ponorogo
10. Saliyane wisatawan dhomestik, Kawah Ijen uga ditekani wisatawan saka mancanegara. *manca negara* tegese ....
   A. njaban rangkah
   B. luar negri
   C. dalam negeri
11. Sadurunge mlebu papan wisata, para wisatawan kudu tuku ....
   A. kwitansi
   B. tiket

C. karcis

12. Laporan sing disusun adhedasar kegiatan nyemak prastawa utawa kadadean diarani ....
    A. laporan observasi
    B. laporan dheskripsi
    C. laporan prasaja
13. Nalika nyusun laporan observasi kudu ....
    A. objektif
    B. molor
    C. prasaja
14. *Bapak mangan sega thiwul*. Ukara kasebut manawa diowahi dadi krama alus ....
    A. Bapak dhahar sekul thiwul.
    B. Bapak nedha sekul thiwul
    C. Bapak maem sekul.
15. *Adhik dereng kondur*. Ukara ing ngarep sing bener ....
    A. Adhik durung wangsul.
    B. Adhik durung kondur.
    C. Adhik dereng wangsul
16. Pranata mangsa ing Indonesia bisa kaperang dadi loro yaiku mangsa ...
    A. gugur lan rendheng
    B. ketiga lan rendheng

C. pageblug lan ketiga

17. Nalika ana banjir bandhang ing sawijining dhaerah, salah siji sing bisa dilakoni ....
    A. menehi bantuan arupa sandhang, pangan
    B. nyawang saka media televisi
    C. amung meneng ora peduli
18. Tetuwuhan sing klebu jinise palawija ....
    A. kates
    B. jagung
    C. pari
19. Bapak gugur gunung ngresiki gorong-gorong. *gugur gunung* tegese ....
    A. gotong royong
    B. munggah gunung
    C. mlaku-mlaku
20. Bener orane anggone medhot tetembungan nalika maca geguritan diarani ....
    A. ekspresi
    B. intonasi
    C. vokal

**II. Wangsulana pitakon ing ngisor iki!**

1. Tulisen perangane crita utawa wacan sing kok mangerteni!
2. Sebutna gunane basa krama ing padinan!
3. Sebutna papan wisata ing dhaerahmu!
4. Sebutna apa sing kudu ditindakake yen arep nulis geguritan!
5. Ukara ing ngisor iki owahana dadi krama inggil:
   a. Simbah lara untu.
   b. Ibu tuku gula ing toko.
   c. Pakdhe teka saka Surabaya.

# WULANGAN 5

# HEMAT ENERGI

**Kompetensi Dasar**

3.5 Mengenal, memahami, dan mengidentifikasi kata dan kalimat untuk menulis karangan sederhana sesuai kaidah.

**Indikator:**


3.5.1 Mengidentifikasi jenis kata.
3.5.2 Mengidentifikasi jenis kalimat.
3.5.3 Mengidentifikasi pola kalimat.
3.5.4 Menganalisis penggunaan kata dalam kalimat.
3.5.5 Menganalisis penggunaan kalimat dalam paragraf

**Kompetensi Dasar**

4.5 Merangkai kalimat menjadi karangan sederhana sesuai kaidah.

## Mbabar wawasan






**Gatekna gambar ing dhuwur, banjur wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki!**

1. Apa bocah-bocah tau weruh gambar kang kaya ing ndhuwur ?
2. Apa sing kokngerteni ngenani gambar-gambar iku ?
3. Kandhakna, miturut panemumu gambar-gambar iku gambar apa!
4. Pasinaon apa sing bisa kokjupuk saka gambar-gambar ing ndhuwur ?

## Pasinaon:1

## Modhel Teks Pinilih

Bocah-bocah ing pasinaon iki bakal nyemak wacan sing mawa tema irit energi, diajab bocah-bocah bisa mangerteni pentinge energi tumrap manungsa. Energi kuwi bisa entek yen ora diopeni. Kanggo njaga supaya energi ora gampang entek kita kabeh kudu mbudidaya supaya energi tetep lestari. Carane yaiku kudu irit energi. Kanggo mangerteni carane ngirit energi, ayo padha nyemak wacan ngisor iki.

**Wacanen kanthi patitis !**

## LISTRIK MLEBU DESA



Rini lan Bima atine seneng banget. Omahe lagi bae dipasang instalasi listrik. Pancen ing desane lagi ana program ”Listrik Masuk Desa”. Sadurunge ana program ”Listrik Masuk Desa”, kanggo sarana madhangi omahe mung nganggo ublik, senthir, lan teplok.

Saiki Rini lan Bima sregep sinau. Lampu kang padhang nuwuhake semangat anggone sinau. Rini sing saiki kelas 3 SD lan Bima adhine kelas 2 SD padha pintere. Saben jam 18:30 nganti jam 20:00 bocah loro padha sinau. Rini lan Bimo saben sinau dikancani bapak lan ibune .

Pak Wibawa lan bu Dewi ajeg ndhawuhi marang Rini lan Bimo supaya irit listrik. Saben bubar sinau ora lali mateni lampu. Mateni lampu sing ora kanggo wis dadi pakulinane Rini lan Bima. Bocah loro tansah eling welinge bapak ibune.

Weling kang wis rumaket iku kalebu uga program pamarintah kang ngajak masyarakat supaya ”Hemat Energi”.

**Kawruh Sapala**

| | |
|---|---|
| senthir/ublik | = diyan cilik nganggo sumbu |
| teplok | = diyan, lampu sing dicantholake ing tembok |
| nuwuhake | = ndadekake |
| weling | = wekas, diweling= diwekas |
| ajeg | = tansah bola-bali, tetep ora owah |
| rumaket | = cedhak banget, rukun banget |

## Gladhen 1: Nyemak Teks

**Bocah-bocah, sawise maca wacan ”Listrik Mlebu Desa” wangsulana pitakon- pitakon ngisor iki kanthi patitis!**

1. Apa sebabe atine Rini karo Bima seneng banget?

   ..................................................................................
2. Piranti apa sing kanggo madhangi wektu sinau nalika desane durung ana program ”Listrik Masuk Desa” ?

   ..................................................................................

3. Rini lan Bima saiki kelas pira?

   ..................................................................................

4. Jam pira bocah loro iku padha sinau?

   ..................................................................................

5. Apa welinge ibune sing wis rumaket ana ing atine Rini lan Bima?

   ..................................................................................

### Gladhen 2: Ngidhentifikasi Jinise Tembung

Pasinaon iki bakal ngrembug bab jinise tembung. Ing pasinaon iki bocah-bocah diajab mangerteni jinis-jinise tembung. Supaya luwih cetha utawa jelas ayo gatekna tuladha ing andharan ngisor iki!

Tuladha:

**Saiki / Rini / lan/ Bima/ sregep / sinau.**

saiki = tembung katrangan (kata keterangan)
Rini = tembung aran (kata benda)
lan = tembung panggandheng (kata sambung)
Bima = tembung aran (kata benda)
sregep = tembung kahanan (kata sifat)
sinau = tembung kriya (kata kerja)

**Gatekna katrangan ing ngisor iki !**

## Tembung aran lan tembung kriya

Miturut jinise, tembung iku bisa kaperang dadi papat, yaiku tembung aran, tembung kriya, tembung kahanan, lan tembung katrangan. Ing pasinaon iki bocah-bocah bakal sinau bab tembung aran lan tembung kriya.

**Tembung aran** yaiku tembung kang magepokan karo samubarang, bisa barang kang kasat mata apadene barang kang ora kasat mata. Supaya luwih gamblang, gatekna tuladha tembung aran ing ngisor iki :

- omah
- kursi
- Siti
- meja
- angin
- lan sapanunggalane

**Tembung Kriya** yaiku tembung nelakake tumindak utawa nindakake pakaryan, proses lan kahanan sing ora mujudake sipat.

Tuladha tembung kriya :

- macul
- ngombe

- mabur
- kramas
- nulis
- nggambar
- adus
- lan sapanunggalane

Sawise mangerteni bab tembung aran lan tembung kriya, coba golekana tembung-tembung ing wacan dhuwur iku sing kagolong tembung aran lan tembung kriya!

| No | TEMBUNG ARAN | TEMBUNG KRIYA |
|---|---|---|
| 1 | listrik | mlebu |
| 2 | ................................ | ...................................... |
| 3 | ................................ | ...................................... |
| 4 | ................................ | ...................................... |
| 5 | ................................ | ...................................... |
| 6 | ................................ | ...................................... |
| 7 | ................................ | ...................................... |
| 8 | ................................ | ...................................... |
| 9 | ................................ | ...................................... |
| 10 | ............................... | ...................................... |

## Ukara andharan, ukara pitakon lan ukara pakon

**Gatekna katrangan ing ngisor iki !**

**Ukara andharan** yaiku ukara kang isine menehi katrangan marang wong sin diajak guneman utawa won kang maca. Ukara andharan dipungkasi nganggo tandha titik.

Tuladha :

- Wingi Pak Bupati ngresmekake KUD Tani Mulya.
- Saben taun murid kelas VI piknik menyang Bali.

**Ukara Pitakon** yaiku ukara kang isine njaluk katrangan marang wong sin diajak guneman utawa won kang maca. Ukara pitakon dipungkasi nganggo tandha pitakon (?).

Tuladha :

- Sapa sing nyapu latar iku?
- Jam pira Rini budhal sekolah?

**Ukara Pakon** yaiku ukara kang isine mrntah marang wong sing diajak guneman utawa won kang maca. Ukara pakon dipungkasi nganggo tandha prentah (!).

Tuladha :

- Garapen piakon nomer telu, lima lan pitu !
- Layang iki aturna Pak RT !

## Gladhen 3: Migunakake Ukara Andharan

Bocah-bocah, sawise nyinaoni bab jinise tembung ayo genti sinau bab ukara andharan. Supaya gampang anggonmu sinau bab ukara andharan, semaken tuladha ukara ngisor iki!

1. Rini lan Bima sregep sinau.
2. Saben bubar sinau ora lali mateni lampu kang kanggo sinau.
3. Rini lan Bima eling welinge bapak ibune.
4. Omahe Rini wis padhang.
5. Program pamarintah ngajak masyarakat supaya

**Jangkepana ukara ing ngisor iki supaya dadi ukara andharan!**

1. ..........................tuku buku ing ...................................
2. Dina, Rini lan Siti .............. buku crita ing ....................
3. Sabubare ................. Bima ajeg  mateni ......................
4. Pak Wibawa ngancani Bima .......................................
5. Bima lan kanca-kancane ........................ ing lapangan.
6. Desane Rini ................................. sawise ana listrik.
7. Rini lan .......... saben sinau .................bapak lan ibune .
8. Irit ..............................kuwi penting banget.
9. Listrik Masuk Desa wiwit ana .....................................

10. Bocah-bocah .......................... sawise ana listrik.

## Gladhen 4 : Migunakake Ukara Pitakon

**Gatekna tuladha iki!**

1. Sapa sing mundhut lampu?
2. Kowe tuku apa?
3. Kapan adhimu teka?
4. Kepriye carane ngurupne kompor gas?
5. Ana ngendi ibumu?

Gawea ukara pitakon kanthi ngiseni ceceg-ceceg ngisor iki!

1. ................................. jenenge adhimu?
2. Pira ................................. buku tulismu?
3. Kapan kowe .....................................................?
4. Sapa sing tuku ................................................?
5. Olehmu nyeleh tas ..........................................?
6. ................................. kok kowe nganti tiba?
7. .............................. bobote beras kuwi?
8. Bu Dewi mundhut kain ........................................?
9. Jajan kuwi regane ................................................?
10. ........................................ adhimu wis mangan?

## Gladhen 5 : Migunakake Ukara Pakon

**Gatekna tuladha iki!**

1. Nulisa sing apik!
2. Latare saponana!
3. Kancamu wenehana jajan!
4. Aku sesuk gawakna dhondhong!
5. Sepedhane umbahen!

**Gawea ukara pakon kaya tuladha ing dhuwur!**

1. .....................................................................
2. .....................................................................
3. .....................................................................
4. .....................................................................
5. .....................................................................

## Gladhen 6 : Nulis Ukara Nganggo Pola Jejer-Wasesa-Lesan

**Gatekna tuladha!**

1. Rini nulis karangan.

| | |
|---|---|
| Rini | = jejer |
| nulis | = wasesa |
| karangan | = lesan |

2. Bima gawe layangan.

| | |
|---|---|
| Bima | = jejer |
| gawe | = wasesa |
| layangan | = lesan |

**Gawea ukara kang nganggo pola jejer - wasesa - lesan, sabanjure udhalen manut dhapukane!**

1. ...................................................................................

Jejere = ..........................................

Wasesane = ..........................................

Lesane = ..........................................

2. ........................................................................................

Jejere = ............................................

Wasesane = ............................................

Lesane = ............................................

3. ........................................................................................

Jejere = ............................................

Wasesane = ............................................

Lesane = ............................................

4. ........................................................................................

Jejere = ............................................

Wasesane = ............................................

Lesane = ............................................

5. ........................................................................................

Jejere = ............................................

Wasesane = ............................................

Lesane = ............................................

**Cathetan:**

Kepriye carane nggoleki jejer, wasesa, lesan, lan katrangan ana ing sajroning ukara ?

Carane nggoleki mangkene :

1. Nggoleki jejere , kanthi nggoleki jawaban pitakonan **sapa** utawa **apa**.
2. Nggoleki wasesane, kanthi nggoleki jawaban pitakonan **lagi apa** utawa **kepriye**.
3. Nggoleki lesan.

   Lesan mapan ana ing burine wasesa. (nanging ana uga ukara kang ora ana lesane)
4. Nggoleki katrangan.

   Katrangan iku perangane ukara kang menehi katrangan tambahan ngenani samubarang kang diandharake ana ing ukara. Upamane menehi katrangan ngenani wektu utawa panggonan.

Tuladha :

Sapiku mangan suket ing kandhang.


| | | |
|---|---|---|
| Jejer | = | **sapa** sing mangan suket ? → sapi |
| Wasesa | = | **lagi apa** sapine ? → mangan |
| Lesan | = | mangan apa sapine? → suket |
| Katrangan | = | ing ngendi olehe mangan suket? |
| | → ing kandhang | |

# Pasinaon 2:

## Makarya Bebarengan

Ing pasinaon loro bocah-bocah bakal sinau bebarengan kepriye carane nulis karangan. Kareben ora kangelan ayo sinau gawe karangan bebarengan karo kanca saklompok. Coba nglumpuka manut klompokmu sing wis ana, sabanjure wacan ngisor iki semaken bebarengan kanthi premati!

**BENDUNGAN KARANGKATES**



Wektu iku Bu Guru nerangake ngenani Energi. Bu Guru ndangu marang bocah-bocah ngenani papan wisata kang tau ditekani. Bocah-bocah wangsulane werna-werna, ing antarane : Kenjeran, Watudodol, Tlaga Sarangan, Jatim Park, WBL, Pantai Klayar, Gunung Bromo, Guwa Maharani, Guwa Gong, Pantai Papuma, Pulau Merah, Bendungan Karangkates, lan sapanunggalane.

Bu Guru dhawuh menawa ana papan wisata kang saliyane endah uga bisa ngasilake sumber energi. Papan wisata mau ing antarane bendungan Karangkates. Bu Guru miwiti ngandharake ngenani Bendungan Karangkates.

Bendungan Karangkates sejatine jenenge Bendungan Ir. Sutami. Diarani bendungan Karangkates amarga mapan ana ing Desa Karangkates, Kecamatan Sumberpucung Kabupaten Malang Jawa Timur. Saka kutha Malang arah ngidul ngulon udakara 35 km.  Bendungan iki dibangun pamarintah rikala tahun 1975-1977 minangka ”Pembangkit Listrik Tenaga Air (PLTA)”. Bendungan Karangkates sumber banyune saka Kali Brantas.

**Kawruh Sapala**

| | | |
|---|---|---|
| 1. | ndangu | = takon |
| 2. | papan | = panggonan |
| 3. | ngandharake | = nerangake |
| 4. | sejatine | = satemene |
| 5. | udakara | = kira-kira, watara |
| 6. | rikala | = nalika |

## Gladhen 1 : Nggenepi Wacan

Bocah-bocah, wacan kang irah-rahane ”Bendungan Karangkates” ing ndhuwur wacanen sepisan maneh, banjur jangkepana wacan ing ngisor iki nganggo tembung sing mathuk!

**Bendungan Karangkates**

Wektu iku Bu Guru ............... ngenani Energi. Bu Guru ........... marang bocah-bocah ngenani .................... kang tau ditekani. Bocah-bocah ........................ werna-werna, ..................... : Kenjeran, Watudodol, Tlaga Sarangan, Jatim Park, WBL, Pantai Klayar, Gunung Bromo, Guwa Maharani, Guwa Gong, Pantai Papuma, Pulau Merah, Bendungan Karangkates.

Bu Guru ............... ngenani papan wisata kang saliyane ............ uga ngasilake ........................, yaiku ...................... . Bu Guru miwiti ............................ ngenani Bendungan Karangkates.

Bendungan Karangkates sejatine jenenge ........................................ Diarani bendungan Karangkates amarga ................ ana ing Desa Karangkates, Kecamatan Sumberpucung Kabupaten Malang Jawa Timur. Saka kutha Malang ........................... udakara 35 Km. Bendungan iki dibangun Pamarintah rikala tahun 1975-1977 kanggo nggawe "Pembangkit Listrik Tenaga Air (PLTA)". Bendungan Karangkates ................................saka Kali Brantas.


## Gladhen 2 : Ngarang Bebarengan

Menawa arep nulis karangan/ crita supaya bisa runtut luwih dhisik kudu gawe cengkorongane (kerangka karangan). Cengkorongan iku bisa arupa tulisan, bisa uga arupa gambar. Ana ing pasinaon iki ayo sinau nulis karangan kanthi cengkorongan arupa gambar.

Tuladha :

**Gatekna gambar ing ngisor iki !**

## Lebaran



Ngadhepi lebaran kendharaan ing dalan ora tau sepi, malah kepara macet. Kabeh pada arep bali menyang desane saperlu sowan marang wong tuwa, sungkem nyuwun pangapura sakabehing dosane.


Surti kancaku sadesa ing tlatah Kediri, wingenane crita olehe bali saka Jakarta rekasa banget. Ana ing dalan macete ora karuan, nganti padha kentekan bensin. Mobil-mobil padha diisi nganggo bensin "kemasan" kang regane


luwih larang. Amarga kahanan, arepa regane luwih larang ya tetep dituku.

Saka pengalaman mau Surti duwe panemu menawa nggunakake kendharaan pribadi ing wayah lebaran pancen rekasa tenan. Surti mesakake nyawang bapake anggone nyetir. Mula luwih kepenak nggunakake kendharaan umum supaya ora mbuwang-mbuwang energi, ora kesel, uga ora mbuwang bensin.

Manut panemune Surti kendharaan umum kang kepenak, bebas saka macet, lan murah yaiku sepur. Ora butuh konsentrasi nyetir, nggone longgar, lan aman. Pokoke numpak sepur bisa dadi alternatip sing bisa dicoba. Hemat energi, aman, lan bebas macet.

Bocah-bocah, saiki ayo sinau bebarengan nulis karangan ing klompoke dhewe-dhewe. Gambar ngisor iki semaken sing premati, sabanjure gawea karangan manut gambar kanthi urut!





......................................................................................
......................................................................................
......................................................................................
..................................................................................
......................................................................................
......................................................................................
......................................................................................
......................................................................................
......................................................................................
......................................................................................
......................................................................................
...................................................................................


# Pasinaon 3:

## Makarya Mandhiri

Mandhiri kuwi klebu sipat sing becik. Mandhiri tegese ora gumantung marang wong liya. Bocah-bocah, wiwit cilik kudu blajar mandhiri. Ing pasinaon iki bocah-bocah bakal dilatih utawa digladhi makarya kanthi mandhiri. Ayo saiki sinau nulis karangan kanthi mandhiri.

### Gladhen 1 : Nulis Cengkorongan Karangan

**Gatekna gambar ing ngisor iki !**



Bocah-bocah, ayo gawea ukara adhedasar gambar ing ndhuwur supaya dadi cengkorongan karangan!

1. Kompor gas ..........................................................

2. Kompor sumbu ....................................................

3. Masak nganggo .................................................

## Gladhen 2 : Ngarang Adhedhasar Cengkorongan

Ing pasinaon iki bocah-bocah bakal sinau nulis karangan kanthi mandhiri. Coba gatekna prentah ing ngisor iki!

1. Urut-urutan gambar sing wis diowahi wujud ukara ing dhuwur iku semaken sing permati.
2. Gawea karangan manut cengkorongan sing wis kotulis.
3. Tulisen critamu mau dadi karangan kang wutuh.
4. Wacanen critamu iku ana ing ngarep kelas!

# GLADHEN WULANGAN 5

Wacanen kang permati !

**ARENG BATHOK**







Bathok klapa iku cangkange klapa sing atos kang manggon sajerone sepet. Bathok iku akeh gunane. Bisa kanggo bahan maneka warna kerajinan, bahan warna, kanggo manggang/masak, lan liya liyane.

Kanggo manggang/masak bisa langsung nganggo bathok kang garing, bisa uga nganggo bathok sing wis

diolah dadi areng. Menawa kanggo manggang sate, iwak bakar, pitik, lan sapanunggalane umume nganggo bathok sing wis diolah dadi areng.

Gawe areng bathok iku carane kaya mangkene :

1. Nyiapake bathok klapa sing wis garing.
2. Nyiapake drum sing wis dibolongi ngisore cacah 8 bolongan.
3. Bathok ditata ana ing drum kira-kira seprapat drum
4. Bathok diobong nganti murub kabeh
5. Yen wis murub kabeh, bathok sing isih, dilebokake maneh seprapat drum, yen wis murub, dilebokake maneh bathok sing isih seprapat drum. Ngono sateruse.
6. Sawise kobong kabeh, drum ditutup nganggo plat wesi sing diteploki lendhut (tanah liat) supaya keluke ora metu kabeh, yen keluke kabeh metu /akeh arenge ora dadi nanging dadi awu.
7. Areng sing wis dadi siap digunakake.

Areng salah sawijine sarana kanggo nyengkuyung program hemat energi, usaha gawe areng iki uga bisa kanggo nambah pengasilan kulawarga.

**Wangsulana kanthi milih wangsulan kang paling bener!**

1. Kang diarani bathok yaiku ....

   A. Kulite klapa kang bisa kanggo gawe keset

B. Banyune klapa kang rasane legi kemrenyes

C. Cangkange klapa kang atos sajerone sepet

2. Bathok sing dienggo manggang umume bathok sing wis diolah dadi ....

A. sepet

B. areng

C. kawul

3. Bathok sing arep diolah becike bathok sing ....

A. garing

B. anyar

C. teles

4. Wadhah sing kudu disiapake kanggo gawe areng bathok yaiku ....

A. dandang sing gedhe

B. kukusan ukuran gedhe

C. drum sing wis dibolongi ngisore

5. Usaha gawe areng bathok saliyane bisa nambahi pengasilan kulawarga uga bisa nyengkuyung program pemerintah bab ....

A. kesehatan

B. pendidikan

C. hemat energi

6. Saben isuk Sumiati nyapu latar. Tembung ing ukara iku kang kagolong tembung kriya yaiku ....
   A. Sumiati
   B. nyapu
   C. latar
7. Sapa sing saben isuk mbantu ibune nyapu ? Ukara iku kagolong ukara ....
   A. pakon
   B. andharan
   C. pitakon
8. Ukara ing ngisor iki kang kagolong ukara pakon yaiku ....
   A. Sapa jenenge adhimu ?
   B. Bendungan Sutami mapan ing Desa Karangkates Kecamatan Sumberpucung Kabupaten Malang.
   C. Tulung aku jupukna sapu ing ngarep lawang kae !
9. Fitri tuku roti ing pasar. Jejere ukara iku ....
   A. Fitri
   B. tuku
   C. roti
10. Kucingku nggondhol tikus ing ngisor lemari. Wasesane ukara iku ....
   A. nggondhol
   B. tikus

C. lemari

**Wangsulana pitakon ing ngisor iki kanthi gamblang !**

1. Adhiku ngetung bebek ing kali.

   Lesane ukara iku ……………..

2. Wingi Juminta nyekeli meri.

   Katrangane ukara iku ………..

3. Sesok Bu Guru arep tindak menyang Jakarta.

   Ukara iku kagolong ukara ……..

4. Sapa sing arep tindak Jakarta ?

   Ukara iku kagolong ukara ……..

5. Gawea crita sing urut kanthi nggatekake gambar ing ngisor iki !






# WULANGAN 6

# DOLANAN KARO OLAHRAGA

**Kompetensi Dasar**
3.6 Mengenal dan memahami *tembang dolanan.*

**Indikator:**
3.6.1 Menyebutkan contoh tembang dolanan.
3.6.2 Menjelaskan arti kata sulit dalam tembang dolanan.
3.6.3 Menjelaskan isi tembang dolanan.

**Kompetensi Dasar**
4.6 Melagukan *tembang dolanan*.

**Indikator:**
4.6.1 Melagukan tembang dolanan.

## Mbabar wawasan





Setitekna gambar ing dhuwur !

1. Apa kang ditindakake bocah-bocah ana ing gambar dhuwur iku ?
2. Critaa pengalamanmu sing memper kaya ing gambar iku !
3. Kanthi bimbingan guru, gawea klompok banjur tindakna kaya kang ditindakake bocah ing gambar iku.

## Pasinaon:1

## Modhel Teks Pinilih

Bocah-bocah, kowe kabeh mesthi wis padha pinter nembang. Apa maneh tembang dolanan. Ngisor iki ana wacan lan tembang dolanan. Semaken, banjur tembangna bebarengan. Luwih becik mirengna dhisik tuladha saka Bapak utawa Ibu Gurumu.

### TEMBANG DOLANAN

Tembang dolanan yaiku salah sawijining jinis tembang Jawa kang kaiket, kang ditembangake sinambi dolanan.


Tuladha tembang dolanan :

- Menthog-menthog
- Lepetan
- Jamuran
- Cublak-cublak suweng
- Onthong-onthong bolong
- Gundhul-gundhul pacul
- Jaranan
- Kupu kuwi
- Pitik tukung

Lan sapanunggalane

**Gatekna tembang dolanan ing ngisor iki, sabanjure tembangna bebarengan!**

**MENTHOG-MENTHOG**



Menthog-menthog takkandhani
Mung rupamu angisin-isini
Mbok ya aja ngetok ana kandhang bae
Enak-enak ngorok ora nyambut gawe
Menthog-menthog mung lakumu
Megal-megol gawe guyu

Tembang ing dhuwur ayo padha disemak sing temenan. Mbokmanawa ana tetembungan kang angel dimangerteni ayo padha ditegesi bebarengan. Wenehana tandha tembung kang angel, banjur golekana tegese.

**Carane mangkene :**

| No | Tembung angel | Tegese |
|---|---|---|
| 1 | angisin-isini | gawe isin |
| 2 | ngetok | bisa disawang |
| 3 | kandhang | papan panggonane kewan ingon |
| 4 | lakumu | anggonmu mlaku |
| 5 | gawe guyu | marai/ ndadekake wong padha ngguyu |

Kanthi mangerteni tegese tetembungan kang ana ing tembang, tembang mau bisa dimangerteni isine sarana ngowahi tetembungane dadi ukara prasaja sing biasa utawa umum dienggo.

Tembang dolanan mau menawa diowahi tetembungane dadi ukara prasaja sing umum dienggo dadine kaya mangkene :

## Menthog-Menthog

Menthog, kowe tak kandhani ya
Rupamu iku elek, ora pantes disawang lan ngisin-isini
Luwih becik ana kandhang bae
Mapana ing kandhang turua sing kepenak
Menthog iku anggonmu mlaku lucu
Megal megol marai wong padha ngguyu

Menawa wis diowahi tetembungane dadi ukara prasaja tembang menthog-menthog ing dhuwur bisa dimangerteni isine (pesen sing bisa dijupuk), yaiku mujudake pasemon, menawa dadi wong iku aja kesed, kudu sregep nyambut gawe supaya ora ngisin-isini.

### Gladhen 1: Nyemak teks

**Wangsulana pitakon ing ngisor iki adhedhasar tembang "Menthog-Menthog" ing dhuwur!**

1. Kewan apa kang dicritakake ing tembang dhuwur ?

   ..........................................................................

2. Supaya ora ketok eleke banjur dikongkon apa ?

   ..........................................................................

3. Ana ing kandhang menthog dikongkon apa ?

   ......................................................................

4. Apa sebabe kok mlakune ketok lucu ?

   ......................................................................

5. Apa isine/pesen ing tembang dolanan Menthog-Menthog mau ?

   ..........................................................................

## Gladhen 2: Teges lan Isine Tembang Dolanan

Gatekna tembang dolanan ing ngisor iki !

**Padhang Bulan**



Yo prakanca dolanan ing njaba
Padhang mbulan padhange
kaya rina
Rembulane kang ngawe-awe
Ngelikake aja turu sore-sore.

**Sakwise kosemak tembang dolanan "Padhang Bulan" ing ndhuwur, banjur rampungna garapan ing ngisor iki!**

1. Golekana tembung-tembung sing angel banjur diskusekna tegese karo kanca-kancamu!

| No | Tembung angel | Tegese |
|---|---|---|
| 1 | | |
| 2 | | |
| 3 | | |
| 4 | | |
| 5 | | |

2. Nalika padhang bulan, sapa sing dijak dolanan ?

   ..........................................................................

3. Kepriye kahanan ing wengi iku ?

   ..........................................................................

4. Rembulan sing ngawe-awe iku ngelingake apa ?

   ..........................................................................

5. Apa isine tembang dolanan Padhang Bulan iku ?

   ..........................................................................

## Pasinaon 2:

### Makarya Bebarengan

Saiki ayo padha bebarengan nembangake tembang dolanan kanthi nirokake tuladha saka Bapak utawa Ibu Gurumu.

### Gundhul-Gundhul Pacul



Gundhul-gundhul pacul-cul gembelengan
Nyunggi-nyunggi  wakul-kul gembelengan
Wakul ngglempang segane dadi salatar
Wakul ngglempang segane dadi salatar

## Gladhen : Nembang Bebarengan

1. Tembangna tembang Gundhul-Gundhul Pacul bebarengan sakelas, salah siji majua kanggo ngabani supaya nembange bisa bareng tanpa dituntun Bapak utawa Ibu Guru.
2. Gawea klompok, saben klompok bocah lima utawa enem banjur tembangna tembang  Gundhul-Gundhul Pacul ana ing latar sekolahan sinambi diparagakake.

## Pasinaon 3:


### Makarva Mandhiri

## Gladhen 1 : Cakepan tembang ing ngisor iki apalna!

## 1. Kidang Talun



Kidang talun
Mangan kacang talun
Mil-kethemil mil-kethemil
Si kidang mangan lembayung



Gajah belang
Saka tanah plembang
nuk-renggunuk nuk-
renggunuk
si gajah ..............................



Tikus buntunge
duwe anak buntung
cit-cit cuwit cit-cit cuwit
si tikus saba ing lumbung

## 2. Kupu Kuwi



Kupu kuwi takincupe
Mung abure ngewuhake
Ngalor ngidul ngetan bali ngulon
Mrana mrene mung saparan-
paran
Sapa bisa ngincupake

Mentas menclok ceprek

Banjur mabur kleper

## Gladhen 2 : Nembangake Tembang

Bocah-bocah, sawise tembang ing dhuwur kokapalake pilihen salah siji, banjur tembangna ing ngarep kelas kanthi diparagakake.

# GLADHEN WULANGAN 6

**Pilihen jawaban ing ngisor iki kang bener!**

1. Lepetan, Jamuran, Jaranan, Pitik tukung iku golongane tembang ....

   A. campursari

   B. dolanan

   C. guyonan

2. Tembang ing ngisor iki kang isine pasemon supaya ora kesed yaiku ....

   A. Cublak-cublak Suweng

   B. Gundhul-gundhul pacul

   D. Menthog-menthog

3. Tembang kang isine ngandhani supaya ora kumalungkung (sombong) ana ing tembang ....

   A. Onthong-onthong Bolong

   B. Cublak-Cublak Suweng

   C. Gundhul-Gundhul Pacul

4. Ana ing tembang Menthog-menthog, Si Menthok dikandhani supaya ora ketok lan ngisin-isini, dikongkon turu ana ing ....

   A. plataran

   B. kandhang

C. tegalan

5. Ing tembang Menthog-Menthog, lakune menthog ....

A. megal-megol

B. cepet banget

C. ora rikat

6. Tembang Padhang Bulan iku ajak-ajak dolanan ana ing wayah ....

A. esuk

B. sore

C. bengi

7. Ing tembang Gundhul-gundhul pacul, bocah sing gundhul ana ing tembang iku nyunggi ....

A. wakul

B. panci

C. dandang

8. Ing tembang Gundhul-Gundhul Pacul, sing dadi salatar iku ....

A. wakul

B. sega

C. beras

9. Tembang dolanan iku mesthine olehe nembang karo ....

A. turu

B. sinau

C. dolanan

10. Enak-enak ngorok ana kandhang wae. Kandhang iku papane ....

A. sinau bocah cilik

B. kewan ingon

C. dolanan bocah cilik

**Jawaben pitakon ing ngisor iki kanthi gamblang !**

1. Tembang Menthog-menthog iku isine pasemon supaya wong iku ora....
2. Tembang dolanan yaiku salah siji jenising tembang Jawa, kang ditembangake sinambi ....
3. Menthog-menthog mung lakumu megal-megol gawe guyu. Tembung **lakumu** ing ukara iku tegese ....
4. Si Gundhul, ana ing tembang Gundhul-gundhul pacul-cul, olehe nyunggi wakul karo ....
5. Ana ing tembang Padhang Bulan, kaya-kaya Si Rembulan ngajak bocah-bocah ....

# WULANGAN 7

# PAKULINAN BECIK

**Kompetensi Dasar**

3.7 Mengenal dan memahami semua bentuk *aksara legena*

**Indikator:**

3.7.1 Menyebutkan *aksara legena*

3.7.2 Menulis bentuk *aksara legena*

**Kompetensi Dasar**

4.7 Menulis kata dengan *aksara legena* sesuai dengan kaidah.

**Indikator:**

4.7.1 Menulis kata dengan *aksara legena*

4.7.2 Mengubah kata beraksara *legena* ke dalam aksara Latin.

# Mbabar wawasan







**Wangsulana pitakon iki kanthi nggatekake gambar ing dhuwur !**

1. Apa panemumu ngenani gambar-gambar ing dhuwur ?
2. Tuladha apik apa sing bisa kokjupuk kang ana ing saben gambar ?
3. Critakna panemumu marang kancamu ngenani saben gambar iku !

## Pasinaon 1:

### Modhel Teks Pinilih

**Wacanen kanthi patitis !**

**BUDHAL SEKOLAH**



Dina iki dina Senin, jam lima esuk Rini wis tangi. Rini ora lali penggawean padinane yaiku nyapu jogan. Mau bengi Rini wis nyiapake buku kanggo pelajaran dina Senin iki. Buku disiapake Rini mau bengi sawise sinau. Nyapu jogan kanggone Rini saliyane mbiyantu Ibune uga bisa kanggo olah raga sadurunge adus. Jogan resik, awak sehat, kemrimringet, banjur adus. Awak krasa seger, nganggo sragam sekolah sing wis disiapake Bu Dewi ya Ibune Rini.

Saiki Rini wis katon rapi siap budhal sekolah, nanging isih siji sing kudu ditindakake yaiku sarapan. Sarapan uga

wis cumepak ana ing meja. Ora kesuwen ini tumuju meja saperlu sarapan. Sanajan mung lawuh tempe karo tahu, Rini tansah ngucap syukur marang Gusti Allah. Sabena arep maem Rini ora lali miwiti kanthi ndonga. Rini anggone maem cepet, mulane cepet rampung. Piring sing tilas kanggo maem digawa menyang papan korah-korah.

Ora krasa jam tembok wis nuduhake jam enem luwih limolas menit. Jam yah mono iku Rini kudu enggal budha sekolah. Mulane Rni banjur nemoni Bapak Ibune saperlu pamitan, salim lan nyuwun donga pangestu Bapak Ibune. Rini budhal sekolah kanthi ati seneng, awak sehat lan seger.

## Gladhen 1: Nyemak teks

**Wangsulana pitakon ing ngisor iki kanthi nggatekake wacan "Budhal Sekolah".**

1. Jam pira Rini olehe tangi ?

   ........................................................................

2. Apa penggaweane Rini saben dinane sawise tangi ?

   ........................................................................

3. Sawise sinau, apa kang ditindakake Rini ?

   ........................................................................

4. Apa sing ditindakake Rini sadurunge lan sawise sarapan ?

   ..........................................................................

5. Apa sing ditindakake Rini sadurunge budhal sekolah?

   ..........................................................................

**Gatekna wacan ing ngisor iki !**

## AJISAKA

Prabu Dewatacengkar Ratu ing Medhangkamulan. Prabu Dewatacengkar seneng dhahar daging wong. Mula wong-wong ing Medhangkamulan padha susah atine. Padha wedi yen didhahar Dewatacengkar.

Nalika rakyat padha susah, teka satriya bagus kang aran Ajisaka. Ajisaka mertamu marang Mbok Randha. Mbok Randha crita kedadean ing Negara Medhangkamulan.

Ajisaka trenyuh atine. Ajisaka duwe abdi loro cacahe kang aran Dora lan Sembada. Dora lan Sembada ditinggal ana ing Pulo Majethi. Wong loro mau didhawuhi njaga keris. Ajisaka weling marang Dora lan Sembada.

1. Dora lan Sembada ora kepareng nusul yen ora ditimbali.

2. Kerise ora kapareng diwenehake sapa bae kajaba Ajisaka dhewe.

Sawijining dina, Ajisaka nemoni Dewatacengkar. Ajisaka saguh didhahar Dewatacengkar, nanging duwe panyuwun, yaiku nyuwun lemah saambane ikete. Dewatacengkar nyaguhi.

Ajisaka njereng ikete. Jebul ikete amba banget. Ambane nganti tekan segara kidul. Dewatacengkar ngetutake. Nalika tekan sapinggire segara kidul, Dewatacengkar kecemplung segara. Dewatacengkar badhar dadi baya putih.

Banjur Ajisaka diwisudha dadi ratu ing Medhangkamulan. Ajisaka ngutus Duga lan Prayoga nusul Dora lan Sembada. Ing dalan wong loro iku kepethuk Dora. Dora banjur ngajak nusul Ajisaka. Sembada ora gelem amarga ora ditimbali Ajisaka. Dora njaluk kerise. Sembada ora ngulungake, amarga dudu Ajisaka dhewe kang njupuk.

Wusanane Dora lan Sembada padha pasulayan. Dora lan sembada perang tandhing. Loro-lorone tumekaning pati. Kanggo pangeling-eling lelakon iku, Ajisaka nganggit aksara Jawa cacahe rong puluh. Aksara jawa rong puluh iku mangkene:

- Ha na ca ra ka, tegese ana utusan

- Da ta sa wa la, tegese padha pasulayan
- Pa dha ja ya nya, tegese padha digdayane (kuwate)
- Ma ga ba tha nga, tegese padha matine

## Gladhen 2: Mangsuli Pitakon

**Wangsulana pitakon ngisor iki!**

1. Sapa jenenge ratu  kang seneng mangan daging wong?

   ...........................................................................

2. Sapa kang bisa nulung rakyat kang nandhang susah iku?

   ...........................................................................

3. Kanthi cara apa anggone nulung?

   ...........................................................................

4. Satriya sing bisa nulung iku banjur winisuda dadi apa ?

   ...........................................................................

5. Kepriye crita dumadine aksara Jawa ?

   ...................................................................................

**AKSARA JAWA (DENTAWYANJANA)**

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ꦲ = ha | ꦤ = na | ꦕ = ca | ꦫ = ra | ꦏ = ka |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| ꦢ = da | ꦠ = ta | ꦱ = sa | ꦮ = wa | ꦭ = la |
| ꦥ = pa | ꦝ = dha | ꦗ = ja | ꦪ = ya | ꦚ = nya |
| ꦩ = ma | ꦒ = ga | ꦧ = ba | ꦛ = tha | ꦔ = nga |

**Tuladha panulisan nganggo aksara Jawa :**

| No | AKSARA LATIN | AKSARA JAWA |
|---|---|---|
| 1 | Dara | ꦢꦫ |
| 2 | Lara | ꦭꦫ |
| 3 | Sanga | ꦱꦔ |
| 4 | Lawa | ꦭꦮ |
| 5 | Kaca mata | ꦏꦕꦩꦠ |

## Gladhen 3: Nulis nganggo aksara Jawa

**Tulisen nanggo aksara Jawa !**

| No | AKSARA LATIN | AKSARA JAWA |
|---|---|---|
| 1 | Gada | ............ |
| 2 | Padha | ............ |
| 3 | Sapa | ............ |
| 4 | Dawa | ............ |
| 5 | Cara | ............ |

# Pasinaon 2:
## Makarya Bebarengan

## Gladhen 1: Ngowahi aksara Jawa dadi Aksara Latin

Bocah-bocah, gawea klompok kang anggotane bocah 3 – 5.

Sabanjure semaken tulisan aksara jawa ngisor iki!

Owahana nganggo aksara latin!

| | | |
|---|---|---|
| 1 | ꦏꦤꦫ | ........................................... |
| 2 | ꦮꦏꦏ | ........................................... |
| 3 | ꦮꦥꦢ | ........................................... |
| 4 | ꦥꦏꦫ | ........................................... |
| 5 | ꦏꦩꦗꦢ | ........................................... |
| 6 | ꦥꦢꦗꦫ | ........................................... |
| 7 | ꦩꦥꦭꦤꦏ | ........................................... |
| 8 | ꦮꦭꦭꦭ | ........................................... |

| | | |
|---|---|---|
| 9 | ꦲꦢꦩꦒ | ............................................... |
| 10 | ꦒꦩꦭꦲ | ................................................ |

## Gladhen 2: Salinen Nganggo Aksara Jawa

| No | AKSARA LATIN | AKSARA JAWA |
|---|---|---|
| 1 | kara sanga | ............... |
| 2 | nata bata | ............... |
| 3 | dara ngaca | ............... |
| 4 | basa jawa | ............... |
| 5 | jaka lara mata | ............... |

# Pasinaon 3:
## Makarya Mandhiri

### Gladhen 1: Nyalin Ukara

**Isenana kothak sing durung ana tulisane ing ngisor iki !**

| No | AKSARA LATIN | AKSARA JAWA |
|---|---|---|
| 1 | .................. | [illegible] |
| 2 | Nagara mawa tata | ...................... |
| 3 | ............... | [illegible] |
| 4 | ............... | [illegible] |
| 5 | gara gara kara | ........................ |

# GLADHEN WULANGAN 7

**Pilihen jawaban ing ngisor iki kang bener!**

1. Miturut wacan Ajisaka, Ratu kang senenge dhahar daginge wong yaiku ….
   A. Dewatacengkar
   B. Cakraningrat
   C. Prabu Siliwangi
2. Piranti kanggo ukuran lemah sing disuwun Ajisaka marang ratu kang seneng dhahar daginge wong yaiku ….
   A. caping
   B. sewek
   C. iket
3. Abdine Ajisaka kang bekti nganti tumekaning pati ana loro yaiku ….
   A. Dora lan Sembada
   B. Duga lan Prayoga
   C. Sabdopalon lan Nayagenggong
4. Sawise kasil oleh lemah saambane sing disuwun lan Ratu sing seneng dhahar daging wong kalah, Ajisaka diwisuda dadiratu ing ….

A. Blambangan

B. Medhangkamulan

C. Mandura

5. Ratu sing seneng dhahar daging wong wusanane kecemplung ana ing segara banjur badhar (malih rupa) dadi ....

   A. Kethek Putih

   B. Baya Putih

   C. Ula Putih

6. Kanggo nusul abdine cacah loro kang bekti marang Ajisaka, Ajisaka utusan pawongan loro, yaiku ....

   A. Topan lan Lesus

   B. Sabdapalon lan Nayagenggong

   C. Duga lan Prayoga

7. Wektu Dora njaluk kerise Ajisaka marang Sembada ora diparingake amarga ....

   A. Dora ora sekti

   B. Dudu Ajisaka dhewe

   C. Pingin gelut karo Dora

8. Dora lan Sembada perang tandhing, perang tandhing iku wusanane sing menang ....

   A. Dora

   B. Sembada

   C. Loro-lorone mati

9. Kanggo pangeling-eling Ajisaka nganggit aksara Jawa kang cacahe ana ....

   A. Limolas

   B. Rongpuluh

   C. Nemlikur

10. Aksara ha na ca ra ka, miturut wacan iku tegese ....

   A. Ana cakra

   B. Ana utusan

   C. Ana pasulayan

11. Aksara ma ga ba tha nga, miturut wacan iku tegese ....

   A. Padha sektine

   B. Padha ngabdine

   C. Padha matine

12. Aksara Jawa legena kena uga diarani ....

   A. Dentayanjana

   B. Aksara sembada

   C. Aksara prayoga

13. Gajayana yen ditulis nganggo aksara Jawa ....

   A. ꦒꦗꦪꦤ

B.

C.

14. Yen ditulis nganggo aksara latin ....

A. Gamping lima

B. Gamalama

C. Majalana

15. Warok Jagaraga iku saka Ponorogo. Jagaraga yen ditulis nganggo aksara Jawa ....

A.

B.

C.

**b. Tulisen nganggo aksara jawa!**

1. Aja mara rana
2. Kala wanara saba
3. jaka lara lapa
4. para paraga
5. ana wara wara

## UJI KOMPETENSI AKHIR SEMESTER GENAP

**Wacanen kang patitis !**




**Gambar kapethik saka :**
http://tangkaspamujiecotourism.blogspot.co.id/2013/04/hanya-tiga-di-dunia-kereta-jalan-kalau.html

**SEPUR AMBARAWA**

Sepur ana ing gambar dhuwur iku mesthi wae beda karo sepur sing umum ditumpaki ing jaman saiki. Pancen sepur iku kagolong sepur sing wis kuno. Sepur iku anane ing Museum KA Ambarawa. Sanadyan tuwa nanging tetep isa mlaku kanggo rekreasi. Mlakune saka Museum KA Ambarawa tumuju Stasiun Tuntang kang adohe 6 KM.

Kanggo nglakokake sepur iki ora nggunakake solar kaya sepur saiki, nanging nganggo bonggol kayu jati sing diobong kanggo manasi supaya ngasilake uap sing panase nganti $600^0$ kanggo nglakokake sepur iki.

……………………………………………………………………………………

…………………….

**Pilihen jawaban ing ngisor iki kang bener!**

1. Miturut wacan ing dhuwur sepur kang kuna iku anane ana ing ….
   A. Setasiun Gubeng
   B. Museum KA Ambarawa
   C. Setasiun Banyuwangi
2. Bahan bakar sepur iku mau nggunakake ….
   A. Solar
   B. Bonggol kayu jati
   D. Pertamax
3. Sepur kang ana ing wacan iku mung mlaku saka ……. bolak balik.
   A. Museum KA Ambarawa tekan Stasiun Tuntang
   B. Stasiun Banyuwangi tekan stasiun Gubeng
   C. Stasiun Gubeng tekan stasiun Tugu Yogyakarta
4. Fitri nyapu kelas saben Rebo. Tembung ing ukara iku kang kagolong tembung kriya yaiku ….
   A. Fitri

B. nyapu

C. kelas

5. Kowe mau adus jam pira ?

Ukara iku kagolong ukara ....

A. pakon

B. andharan

C. pitakon

6. Ukara ing ngisor iki kang kagolong ukara pakon yaiku ....

A. Aku tukokna sega rawon ya!

B. Bendungan iku taun wingi jebol.

C. Apa kowe wingi sida menyang Surabaya ?

7. Darman mangan bakso ing pasar. Jejere ukara iku ....

A. Darman

B. magan

C. bakso

8. Mas Joni makani iwak ing blumbang. Wasesane ukara iku ....

A. makani

B. iwak

C. ing blumbang

9. Tembang kang isine ngandhani supaya ora kumalungkung (sombong) ana ing tembang ....

A. Onthong-onthong Bolong

B. Cublak-cublak Suweng

C. Gundhul-gundhul Pacul

10. Ana ing tembang Menthog-menthog, Si Menthok dikandhani supaya ora ketok lan ngisin-isini, dikongkon turu ana ing ....

A. Plataran

B. kandhang

C. tegalan

11. Tembang Padhang Bulan iku ajak-ajak dolanan ana ing wayah ....

A. esuk

B. sore

C. bengi

12. Padhang mbulan padhange kaya rina. Rina tegese ....

A. sore

B. awan

C. bengi

13. Ing tembang Padhang Bulan, ana ukara : Ngelingake aja turu sore-sore.

Sapa sing ngelingake supaya ora turu sore-sore ?

A. kanca-kanca

B. bapak ibu

D. rembulan

14. Tembang dolanan iku mesthine olehe nembang karo ....
   A. turu
   B. sinau
   C. dolanan
15. Pak Marto kagungan kandhang, nanging durung kanggo. Kandhang iku papane ....
   A. dodolan
   B. turu kewan ingon
   C. dolanan bocah cilik
16. Miturut crita Ajisaka, Ratu kang senenge dhahar daginge wong yaiku ....
   A. Dewatacengkar
   B. Cakraningrat
   D. Prabu Siliwangi
17. Aksara Jawa kang cacahe ana ....
   A. limolas
   B. rongpuluh
   D. nemlikur
18. Aksara Jawa legena kena uga diarani ....
   A. dentayanjana
   B. aksara sembada
   D. aksara prayoga

19. Warok Jagaraga iku saka Ponorogo. Jagaraga yen ditulis nganggo aksara Jawa ....

A. ꦗꦪꦗꦒ

B. ꦗꦒꦫꦒ

C. ꦗꦒꦏꦒ

20. ꦒꦗꦪꦤ Yen ditulis nganggo aksara latin ....

A. gayajana

B. nagajaya

C. gajayana

**Wangsulana pitakon ing ngisor iki kanthi gamblang !**

1. Aku ngarit suket ing sawah.
   Lesane ukara iku ....
2. Sapa sing arep tindak Jakarta ?
   Ukara iku kagolong ukara ....
3. Crita apa kang ana gandhengane aksara jawa ?
4. ꦗꦤꦩꦏꦧꦫ yen ditulis latin ....................
5. Tulisna tembang dolanan sing paling koksenengi !

## Daftar Pustaka

Abikusna, 1996. *Widya Basa*. Surabaya: Ekspres

Atmodjo, S. Prawira, 1996. *Bausastra Jawa*. Surabaya: Yayasan Djojo Bojo.

Basuki, Widodo. 2004. *Medhitasi Alang-Alang KumpulanGeguritan*. Sidoarjo: Sanggar Zuhra Gupita

Jatirahayu, Warih dan Margono Notopertomo. *Pakartitama:Wayang Sebagai Sumber Pendidikan Budi Pekerti.* Klaten: CV Sahabat.

Tim. 1948. *Karti Basa*. Jakarta: Kementerian Pengadjaran Pendidikan dan Keboedajaan.

Kementrian Pendidikan Nasional. 2011. *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa Huruf Latin yang Disempurnakan*. Yogyakarta: Balai Bahasa

Mangunsuwito, S.A. 2002.*Kamus Bahasa Jawa, Jawa-Indonesia.* Bandung: CV. YramaWidya.

Mardimin, Yohanes. 1987. *Sekitar Tembang Macapat*. Sala: Satya Watjana.

Ngafenan, Mohammad. 1995. *Paribasan, Bebasan, lan Saloka.* Solo: CV Aneka.

Nurgiyantoro, Burhan. 2000. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

Padmosoekotjo, S, 1982. *Wewaton Panulise Basa Jawa Nganggo Aksara Jawa*. Surabaya: PT. Citra Jaya Murti.

_______ 1953. *Ngerengan Kasusastra DJawa.* Jogjakarta: Hien Hoo Sing.

Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastra DJawa*. Batavia:J.B. Wolter

Prawirodihardjo, S. 1980. Burat Sari. Surabaya: CV Citra Jaya.

PT. Pancaran Semangat Jaya. 1997. *Kalawarti Minggon Basa Jawa Panjebar Semangat*. Surabaya: PT. Percetakan Panyebar Semangat.

Saryono, Djoko. 2011. *Sosok Budaya Jawa:Rekonstruksi Normatif Idealistis.* Malang: Aditya Media Publishing.

Sasangka Sry Tjatur Wisnu. 2011. *Bunyi-bunyi Distingtif Bahasa Jawa.*Yogyakarta: Elmatera Publishing.

_______ 2011. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa.* Jakarta :Yayasan Paramadina.

_______ 2010. *Unggah-Ungguh Bahasa Jawa.* Jakarta: Yayasan Paramalingua.

Sawali. 2005. *Bahasa dan Sastra Indonesia untuk SMP/MTs Kelas VIII*. Yogyakarta: PT Citra Parama Aji.

Sudaryanto (ed). 1991. *Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.

Sudaryanto & Pranowo (ed.). 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa.* Yogyakarta: badan Pekerja Kongres Bahasa Jawa.

Sulchan. 1991. *Serial Protokoler Contoh Praktis Pembawa Acara dan Pidato.* Surabaya: Mekar.

Suwardi. 1983. *Warisan Geguritan Macapat*. Jakarta: PN. Balai Pustaka.

Warsito, S. Mardi. 1978. *Kamus Jawa Kuna (Kawi) – Indonesia*. Ende Flores: Nusa Indah.

## CATATAN





## CATATAN

## CATATAN





## CATATAN

## CATATAN



